# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№59 (24.497) • 2023 гъэм накъыгъэм (майм) и 21, тхьэмахуэ • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


Адыгэ макъ

**Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт**

Черкес хэку



# Дэтхэнэми зыхещIэ Хэкум зэрыщыщыр

***КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Псыхуабэ щригъэкIуэкIа Лъэпкъ зэхущытыкIыныгъэхэмкIэ Советым и зэIущIэм икIи абы кърикIуахэм щытепсэлъыхьыжащ социальнэ сетхэм щиIэ и официальнэ каналым:***

«Псалъэмакъ щхьэпэ екIуэкIащ, щIэныгъэлIхэм, урысей щIыналъэщIэхэм, дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужьхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр къыщаIуатэу.

Владимир Владимирович иубзыхуащ лъэпкъ зэхущытыкIыныгъэхэмкIэ япэ игъэщыпхъэхэр. Тепсэлъыхьащ къэрал лъэпкъ политикэмкIэ нобрей урысей бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэхэм, щIыналъэщIэхэр къэралым и социокультурнэ гъащIэм хэгъэзэгъэным, хамэ къэралхэм къабгъэдэкI шынагъуэхэм япкъ иткIэ Къэрал лъэпкъ политикэм и стратегием зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным.

Къэпсэлъэныгъэ псоми и купщIэ нэхъыщхьэу щытащ тхыдэм зэфIигъэува лъэпкъ куэду зэхэт Урысейм хыхьэ лъэпкъхэр иджыпсту - дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI лъэхъэнэмрэ кхъухьэпIэ зэкъуэтыр къыттеуэнымкIэ шынагъуэ къыщыкIуэкIым - быдэу дызэрыубыдын зэрыхуейр. Лъэпкъ куэду дызэрызэхэтыр - «ар ди къарущ, Урысейм псори зэрыхигъащIэ къарущ». Дзэ зэкъуэшыныгъэр зэхэтщ ди къэралым щыпсэу лъэпкъ куэдым къахэкIахэмкIэ. Дэ псори дрогушхуэ ди лIыхъужьхэм икIи абыхэм защIыдогъакъуэ. ИкIи дэтхэнэми зыхещIэ Хэкум зэрыщыщыр, Урысеймрэ абы и къэкIуэнумкIэ жэуап зэрихьыр.

Урысей Федерацэм и Конституцэм щыщIэгъэбыдащ къэралыр бзэ, этнокультурэ куэду зэрызэхэтыр икIи ди лъапIагъ псоми я лъабжьэщ. Ар ехьэлIащ цIыхухэр зэкъуэту, зэныбжьэгъуу, зэгурыIуэу, я щэнхабзэр, анэдэлъхубзэр, унагъуэ, лъэпкъ хабзэхэр яхъумэу, ди Хэкур зэщIэгъэгъэн, псори зэIузэпэщу, щIэблэ узыншэ яIэным хуэпабгъэу щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми».





Сурэтыр **Къарей Элинэ** трихащ.

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Кавказ зауэм хэкIуэда Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу цIыхухэм зэрызахуигъазэр

Си лъахэгъу лъапIэхэ!

Илъэс къэс накъыгъэм и 21-м дэ ди щыгъуэ махуэщ: Кавказ зауэм хэкIуэда Адыгэхэм я фэеплъ махуэщ.

Ди щхьэр яхудогъэщхъ гущIэгъуншэ, лъыгъажэшхуэ зауэм зи гъащIэр къызэпиуда псоми я фэеплъым.

XIX лIэщIыгъуэм щыIа къэрал лъэрызехьэхэм я геополитикэ зэпэщIэтыныгъэм кърикIуа Кавказ зауэм адыгэхэм хэщIыныгъэ ин къахуихьащ, ижьижьыж лъандэрэ я адэжь хэкур куэдым ябгынэн хуей хъуащ.

АрщхьэкIэ а лъэхъэнэ хьэлъэм ди япэ итахэр къызэфIигъэщIакъым. Псэбыдагъ, лIыгъэ, Iущыгъэ лъэщ зэрахэлъым и фIыгъэкIэ абыхэм яхузэфIэкIащ къелыну, тхыдэм и напэкIуэцI шынагъуэр къызэрагъэдзэкIыну, адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнумкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэгуэр ящIа къыхэхыныгъэм хуэпэжу къэнэну. Абы и фIыгъэкIэ адыгэхэм я щIыхьыр зэтраIыгъащ, адэжь хэкум щыпсэунымрэ щыунэнымрэ щыпащащ, я бзэр, щэнхабзэр зыми хуэбгъадэ мыхъун зэхэтыкIэмрэ хабзэмрэ яхъумэжыфащ икIи нобэ я къэкIуэнур ирагъэфIакIуэ, ди къэрал иным и лъэпкъ куэду зэхэт унагъуэм щыщу.

Си фIэщ мэхъу: ди адэжьхэм я уэсятхэр ди щIэгъэкъуэну, я зэкъуэтыныгъэмрэ Хэкум зэрыхуэпэжамрэ ди щапхъэу дэ къызэднэкIыфынущ зэманым къытхуигъэув гугъуехьхэр, нобэрей цIыхухэмрэ къытщIэхъуэ щIэблэмрэ я зэIузэпэщыныгъэр зэгъэхъулIэнымкIэ ди мурадхэр зэдгъэхъулIэфынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху псоми сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, насып, гукъыдэж фиIэну, фIы псори къывэхъулIэну.

# Ди лъэпкъэгъуэхэр къыхузоджэ

**Лъэпкъ къэс и махуэгъэпсым зы махуэ хэтщ, ар игу къыщыкIкIэ, гупсысэ куухэм хишэу, и щхьэрэ и жылэрэ къыхуихьахэр зэригъэгъэзахуэу, тхыдэм хихьэжа къэхъугъэм кърикIуахэм дерс къыхригъэхыу. Накъыгъэм и 21-р адыгэхэм я дежкIэ апхуэдэ зы махуэщ.**

КАВКАЗ зауэ гущIэгъуншэр зэрыувыIэрэ нобэ илъэси 159-рэ ирокъу. А зауэр адыгэхэм я дежкIэ лъапсэрыхыу къыщIэкIащ: пщIым щыщу бгъур хэкIуэдащ, е мэжэщIалIагъэм, щIыIэм, узым ихьащ, е и Хэкур ирагъэбгынащ. Кавказ зауэм хуэдэу кIыхьу екIуэкIа нэгъуэщI зауэ Урысейм и тхыдэм хэткъым. Илъэсищэ зауэм лъэпкъым кърихза уIэгъэр апхуэдизкIэ инщи, зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым, кърикIуахэм ущегупсыскIэ, цIыху хейхэм кърахa лейм и инагъыр пхузэгъэзахуэркъым.

Куэд дыдэ я нэгу щIэкIащ ди адэжьхэм. Дызыхуеплъэкiыж тхыдэ Iуэхугъуэхэм сыт хуэдиз гухэщIыгъуэ къыдатми, лъэпкъыр, дапщэщи хуэдэу, фIым щыгугъыу, щыIэныгъэр зэтес зэрищIыным и гуащIэ ирихьэлIэу йокIуэкI. Дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр зыхищIэу, абыхэм зэрадызекIуэн хэкIыпIэхэр къилъыхъуэу адыгэр мэпсэу. Псоми къыдгурoIуэ ар дерс хэхыпIэу ди гъащIэм хэтын зэрыхуейр. Пщыгъупщэ мыхъуну щыIэм ущIыхуеплъэкIыжыр, апхуэдэ нэщIэбжьэ къэхъужынкIэ Iэмал зэримыIэр къыдгурoIуэри аращ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, адыгэхэр лъэхъэнэ бзаджэхэм дыкъызэфIагъэщIакъым. Хэкум къинам и гъащIэр Урысейм щрипхми, ар зэрыгъуэгу захуэр зэманым наIуэ къищIащ. Нэхъыщхьэращи, тхузэфIэкIащ зытхъумэжын, ди бзэмрэ ди щэнхабзэмрэ тIэщIэмыхуу дыкъызэтенэн. Адыгэхэр нобэ хэтщ къэрал ухуэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, политикэ икIи жылагъуэ гъащIэм я гуащIэ халъхьэу, зрагъэужьу, зыщыщ лъэпкъым и цIэр жрагъэIэу. Хамэ щIыпIэхэм щыпсэу ди адыгэхэри зыхэхуа лъэпкъхэм къахэщу мэпсэу, пщIэ зыхурагъэщIу. Дзыхьышхуэ къызэрырагъэзым и шэсыпIэщ абыхэм IэнатIэшхуэхэр къыхуагъэфащэу зэрыщытыр.

ПщIэ зыхуэсщI ди лъэпкъэгъу лъапIэхэ!

Щыгъуэ-ЩIэж махуэм цIыхухэр дызэхохьэ, димыIэж нэхъыжьхэр дигу къыдогъэкIыж. Дахуощыгъуэ ди япэ ища ди адэжьхэм, ди анэжьхэм, лIэужьи щIэбли къащIэмынэу зэуапIэм икIуэда щIалэгъуалэм. Адэжь лъахэм и щхьэхуитыныгъэм щIэзэуууэ зи щхьэр зауаем хэзылъхьахэр зэи дигу ихунукъым, тхъумэнущ я фэеплъ нэхур. Апхуэдэуи ипэкIэ доплъэ, гугъапIэхэр дощI. Узэкъуэтмэ, улъэщщ, жеIэ лъэпкъ Iущыгъэм. Псалъэм хэлъ пэжыр Кавказ зауэм къыхэтх дерсхэм языхэзщ. Дызытет дунейр апхуэдизкIэ цIыкIу хъуащи, ущыхуейм узэлъэзыгъэIэс Iэмалхэр куэдщ, хэкурысхэми хэхэсхэми я щIэблэр зэкъуэтыну икIи зэрыщIэну хуей къудеймэ, хэкIыпIэхэр мащIэкъым. Нобэ хуэдэ махуэм дыщIызэхыхьэр ди нэхъыжьхэм я уэсятыр иджыри зэ дигу къэдгъэкIыжын папщIэщ: ди ужь къинэнухэр зэгурыIуэу, зэрыцIыхуу, Iуэху зэдащIэу, зы лъэпкъыу зэрыщытыр ящымыгъупщэу, къыхалъхьэ Iуэхугъуэхэр псори абы и фIыр къызыхэкIыну гуращэм телажьэу щытын щхьэкIэщ. Дэнэ щIыпIэ щыпсэуми, адыгэ щIалэгъуалэм ящIэн хуейщ я къежьапIэхэр, я къуэпсхэр, я лъапсэр здэщыIэр.

Дызыхэпсэукl дунейм нобэ щыIэщ къару фIыцIэ куэд, дызэкъуаудыну, зэгурымыIуэныгъэр ди зэхуакум къыдалъхьэну хущIэкъуу. Абыхэм щIэныгъэщ уазэрыпэлъэщынур, зэгурыIуэрэ зэхэщIыкI инкIэрэщ уазэрытекIуэнур. Мамырыгъэмрэ лъэпкъ зэгурыIуэмрэ щхьэузыхь зыхуэпщI хъун щхьэусыгъуэ зыри щыIэн хуейкъым - абыхэм ятелэжьэныр хэти и пщэрылъу къилъытэжыпхъэщ. Сыадыгэщ жызыIэ дэтхэнэри къыхузоджэ тхыдэм къыттхуихьа гуныкъуэгъуэр зыщыдмыгъэгъупщэу нобэ къыдэкIуэтей щIалэгъуалэр лъэпкъым хуэпэжу дгъэсэну.

Лъэпкъым апхуэдэ нэщIэбжьэ Тхьэм афIэкIа зэи димыгъэлъагъу!

*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*
**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**.

# Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 20, щэбэт**

✦**1927 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гугу Рашад**.
✦**1935 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЖьэкIэмыхъу Мусэбий**.
✦**1938 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэх Сэфарбий**.
✦**1955 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкIэ и нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Тэтрокъуэ Астемыр**.
✦**1974 гъэм** къалъхуащ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Абидокъуэ Люсанэ**.

**Накъыгъэм и 21, тхьэмахуэ**

✦**Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ**. 1864 гъэм илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа Кавказ зауэр увыIащ.

**Накъыгъэм и 22, блыщхьэ**

✦**Биологие зэмылIэужьыгъуагъэм и дунейпсо махуэщ**

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Дыджым уемыдзэкъамэ, IэфIыр пщIэнукъым.**

# БлэкIар тщымыгъупщэу, къэкIуэнум дегупсысу

**Илъэси 159-рэ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, пащтыхьыдзэм Къуэбыдэ деж иужьрей топыр щигъэуауэ щытащ, адыгэщIыр къызэризэуам, илъэсищэм нэблагъэкIэ екIуэкIа лъыгъажэр зэрыувыIам и щыхьэту. А зауэр тхыдэм къыхэнами, абы кърикIуа Iуэхугъуэхэр щIэблэм гъэсэпэтхыдэ яхуэхъупхъэщ.**




АДЫГЭХЭМ яфIэмыкIуэду къэна хъугъуэфIыгъуэхэр щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ къэхутэным икIи зыпкъ игъэувэжыным къыщымынэу, дызытет дунейм зэрыщытхъумэфынум, зэрыщедгъэфIэкIуэфынум, щыIэныгъэм езэгъыу лантIэу къызэрыщыдгъэшыфынум егупсысын хуейуэ дэтхэнэ зы адыгэми хьэкъ иIэщ. Апхуэдэ пщэрылъщ зыхуигъэувыжар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIа хэгъэгупсо щIэныгъэ зэхуэсым. «Адыгэ Хабзэ: лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныр икIи егъэфIэкIуэныр жылагъуэм и псэкупсэ лъапIэныгъэхэр зэрыщIагъэбыдэ Iэмалщ» щIэнIуатэр Адыгэхэм я щыгъуэщIэж махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэщащ, зэхэзышар Дунейпсо Адыгэ Хасэрщ. Жэрдэм дахэр егъэкIуэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэр. Зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ къэрал къулыкъущIэхэр, щIэныгъэ, жылагъуэ икIи дин лэжьакIуэхэр, курыт еджапIэхэм анэдэлъхубзэмрэ тхыдэмрэ щезыгъэджхэр, еджакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЩIэнIуатэр къыщызэIуихым, ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыхигъэщащ зэхуэсым къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэр хэIущIыIу хъуну, ар зылъэIэсынухэм щхьэпагъ зыпылъ гупсысэ куэд зэхахыну зэрыщыгугъыр.

КъБКъУ-м стратегие зыужьыныгъэмрэ дунейпсо зэпыщIэныгъэхэмкIэ и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къущхьэ Хъусен** зэрыжиIамкIэ, Адыгэ хабзэр лIэужьхэм зэIэпах щIэныгъэщ, цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр жыпхъэ пыухыкIам иригъэтIасэу, мардэм иригъэувэу. «Адыгэ хабзэм хэлъ къарур мылъытэщ, зэныкъуэкъурэ зэпэщIэувэрэ къэхъуным пэрыуэгъу хуэхъу къэгъэщIыгъэщ. Абы хузэфIэкIынущ иджырей жылагъуэм къыщыхъу Iуэхугъуэ куэдым къахих хъуаскIэр мафIэсым хуэмыкIуэ щIыкIэ игъэункIыфIыну. Сыт хуэдэ лъэхъэнэ дыщымыпсэуми, экономикэ зыужьыныгъэ димыIэми, Адыгэ хабзэм и купщIэм зихъуэжынукъым, сыту жыпIэмэ ар цIыхугъэм хуэгъэпсащ, зэпэщ псэукIэм хуэунэтIащ. Къыхэгъэщын хуейщ Адыгэ хабзэм и лантIагъэр лъэхъэнэхэм я зыужьыкIэм зэрелъытари. Арыххэуи ар IэщIыб тщIынкIэ Iэмал иIэкъым, атIэ цIыхубэ мылъкуу гъащIэм хэтпщэну ди пщэрылъщ», - жиIащ Къущхьэ Хъусен.

ЗэIущIэм и мыхьэнэр зэрыиныр къыхигъэщкIэрэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм хэгъэгу кIуэцI Iуэхухэмрэ щIыпIэм унафэр щызехьэнымкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ **Дзагуэ Рустам** трикъузащ лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэнымкIэ Адыгэ хабзэм иIэ къарур зэрымыкIуэщIым. «Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ куэд щопсэу, дэтхэнэми бзэрэ зэхэтыкIэрэ иIэжу. Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрыщыту хуэгъэпсащ цIыхур мамыру, зэгурыIуэмрэ зыужьыныгъэмрэ тету зэрыпсэуным. Адыгэхэм я псэкупсэ лъапIэныгъэхэр къэIэтыжыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм щрипсалъэ зэхуэсхэр къызэгъэпэщыным емышыжу телажьэ ДАХ-м фIыщIэшхуэ хуэфащэщ. Къыхэгъэзэгъэщыну сыхуейт Адыгэ хабзэм жылэр зэкъуэзыгъэувэ лъабжьи зэриIэр. Нобэ ди къэралыр зыIут IэнатIэм елъытауэ, а къарум мыхьэнэшхуэ иIэщ, цIыхухэми зыхегъэщIэн хуейуэ къэлъытапхъэщ», - къыхигъэщащ Дзагуэ Рустам.

КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ **Зумакулов Борис** щIэныгъэ зэхуэсыр Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм ирихьэлIэу къызэрызэрагъэпэщар, ар лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм зэрытраухуар игъуэ дыдэу зэрыщытыр и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым ит къалэхэмрэ къуажэхэмрэ мы махуэхэм Кавказ зауэр зэрыувыIэрэ илъэси 159-рэ зэрырикъум ехьэлIа Iуэхугъуэ куэд щекIуэкIынущ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIа цIыхухэм ягу къагъэкIыжынущ минищэ бжыгъэкIэрэ а зауэм ихьа тхьэмыщкIэхэм, хуэщыгъуэнущ блэкIа къэхъукъащIэхэм хэкIуэда нэхъыжьхэм. Зауэм къихьа гузэвэгъуэшхуэхэм ящыщщ адыгэхэр нобэ зэбгрыдза зэрыхъуар, къэралыгъуэ куэд псэупIэ зэрахуэхъуар. Ауэ, лъэпкъыр дэнэ щIыпIэ къыщыщIимыдзами, щыIэныгъэм зэрыхэмыкIуэдэжынум хущIэкъуащ, я бзэри, я щIэжри, я щэнхабзэри яхъумэфащ. Я адэжьхэр зэрыкIа хэкужьыр зыщагъэгъупщакъым, абы къыхуаIэ пыщIэныгъэхэр ягъэгъуэщакъым. Лъэпкъыр зэрыпсэум, псэуну зэрыхуейм а псор и шэсыпIэ нэсщ. Зызыхъумэжыфа лъэпкъым и къарур зэрыиныр къегъэлъагъуэ я хабзэхэм, я зэхэтыкIэ мардэхэм. Лъыщхьэм нэсыжу гъащIэм хэмыкI Адыгэ Хабзэр джыни, цIыхубэм егъэщIэни зэрыхуейм шэч хэлъкъым», - жиIащ Зумакуловым.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ псэкупсэ лъапIэныгъэхэр къэIэтыжын папщIэ, жылагъуэмрэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ зэдэлэжьэн, зым и гупсысэр адрейм къиштэу зэдеIэн зэрыхуейр. «ДызэвгъэпсалъэщIэхщIэхыурэ дызэхэвгъэхьэ, ди гупсысэхэмкIэ дызэдэвгъэгуашэ. Фэращ къэкIуэнур зыухуэр. Ауэ ар пхузэфIэкIынкIэ Iэмал иIэкъым, гъащIэм и хабзэхэр къыумылъытэмэ. Сыт хуэдэ политикэри, абы лъэпкъ Iуэхухэри хэту, зыхуей щыхуэбгъэзэфынур лъэпкъ щIэныгъэм фригъуазэу щытмэщ. КъухьэпIэмкIэ щыIэ хэгъэгухэм ягу къытхуилъ дыдэр иджыщ хэIущIыIу щыхъуар. Дигу къызэреуэнщи, абы кърикIуащ ди егъэджэныгъэ IэнатIэм «гъэсэныгъэ» псалъэр хэкIыжу, «Iуэхутхьэбзэ» гурыIуэныгъэр къызэрыхыхьар. Ауэ щыхъукIэ ди лъэпкъым цIыху гъэсар зрилъыт щыIакъым. Илъэс минитху нэхъррэ мынэхъ мащIэ зи ныбжь Адыгэ хабзэм и лъэщагъыр фи нэгу къыщIэвгъэхьэт, ар нобэм къыщысакIэ, абы дыкъуэту дыкъыщыгъуэгурыкIуакIэ. ГъащIэм дыдэбакъуэу, абы зыдедгъэкIуу дыпсэун хуейщ, ар пэжщ, ауэ цIыхугъэм и мардэхэр тщыгъупщэну зыми хуит дищIыркъым. БлэкIам дерс къыхэфх, ди япэ итахэм яхъумар зищIысымрэ щIата уасэмрэ фигу къэвгъэкIыжи, фи къэкIуэнур нэху хъунущ, абы шэч къытевмыхьэ. Дэ дыбалигъ пэтрэ, мы дунейм щекIуэкIыр нэсу тхузэхэщIыкIыркъым, фэ, щIалэгъуалэм, ар къывгурыIуэным гугъу фызэрыдехьыр нахуэщ. Ауэ, сыт хуэдэ гугъуехь дыхэмыхуэми, дызэкъуэту дыпэщIэувэмэщ къыщызэднэкIыфынури, дызэрывгъэIыгъ, хьэгъэщагъэхэм зыдевмыгъэхьэх. КъэкIуэну фыщиIэр фыщызэкъуэтым дежщ, абы щыгъуэ фылъэщщ, Адыгэ хабзэри абыкIэ щIэгъэкъуэн гъуэзэджэщ», - захуигъэзащ щIалэгъуалэм Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЩIэнIуатэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**, КъБКъУ-м и жылагъуэ-гуманитар институтым и унафэщI **Тэмазэ Муслъим**, университетым Урысейм и тхыдэмкIэ и кафедрэм и унафэщI **Соблыр Заретэ**, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщI **Нэгъуей Залымхъан**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, КъБР-м щыпсэу муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**, Налшык къалэмрэ абы къедза жылагъуэхэмрэ щыIэ чыристан члисэхэм я дин гъуазэ **Бобылёв Валентин** сымэ.

ЩIэныгъэ зэхуэсым щытепсэлъыхьащ адыгэхэм иджырей Урысейм щаубыд увыпIэм, псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымкIэ икIи цIыхубэм яхэпщэнымкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм яIэ мыхьэнэм, лъэпкъ икIи дин зэныкъуэкъухэр къэмыгъэхъунымкIэ Адыгэ хабзэм иIэ къарум, тхыдэ щIэжымрэ лъэпкъ щIэжымрэ зэрызэпэджэжым, ахэр иджырей щIалэгъуалэм я зэхэщIыкIымрэ я дуней лъагъукIэмрэ къызэрытещым, нэгъуэщIхэми. ЗэIущIэм хэтахэр акъылэгъу зэдэхъуащ Адыгэ хабзэр лъэпкъым и къэгъэщIыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм зэращыщымкIэ, ар щIыналъэм щыпсэухэм егъэщIэн зэрыхуеймкIэ икIи зэхуэсым къыщапсэлъахэр зэхалъхьэжу тхылъу къыдагъэкIыну, ар курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм лъагъэIэсыну зэгурыIуащ.

*Тхыгъэри сурэтри зейр*
**ШУРДЫМ Динэщ**.

# И хъыбарыр кIыхьщ икIи гуузщ

**Iуэрылуатэдж цIэрыIуэ Къардэнгъущl Зырамыку 1979 гъэм къыдигъэкIа «Адыгэ уэрэдыжьхэр» тхылъым ущрохьэлIэ «Лабэдэсхэм я гъыбзэ» хъыбарым и зы къэIуэтэкIэм. Къардэнгъущlым абы лъабжьэ хуищIа тхыгъэхэми нэгъуэщIхэми Интернетым дыщылъыхъуащ. Дызрихьэлlам я нэхъыбэр лъабжьэ кyy зиlэу къэтлъытащ. А псоми я гугъу дымыщlми, Къардэнгъущlым ейм ехьэлlам, зымащlэкlэ ар абы къыщхьэщыкlми, зэрыхъукlэкlэщlудытепсэлъыхьынщ.**




XIX ЛIЭЩIЫГЪУЭМ и пэщIэдзэм Къэбэрдейр къызэрагъэIурыщIар пащтыхь къэралыгъуэм и дзэзешэхэм къахущIэкIащ Псыжь и ипщэ, курых лъэныкъуэхэмкIэ къахуикI шынагъуэ кIэ зимыIэжхэм къапызыщэу. Хьэжрэту зи щхьэр езыхьэжьа къэбэрдей адыгэхэм Псыжь и адрыщIкIэ щыпсэу я лъэпкъэгъухэр къызэщIаIэтэрт, ирагъэбгына я лъахэм къебгъэрыкIуэурэ, ялъ зэращIэжыным яужь итт.

## Пащтыхьыдзэр гъуэгу тохьэ

Урыс тхыдэтххэм зэратхыжымкIэ, 1824 гъэм и бжьыхьэм белджылы къэхъуащ къухьэпIэмкIэ щыIэ шэрджэсхэм зэкъуагъэувa я къарухэм Къэбэрдейм къэкIуэну зэрызагъэхьэзырыр. Абы къыхэкIыу, 1825 гъэм и гъатхэр къызэрихьэу, урысыдзэр Псыжь зэпрыкIащ, къэбэрдей хьэжрэтхэм я «лъабжьэр къыхатхъын» мурадыр яIэу.

Теуэ мыгъуэр зыублахэм ягу иралъхьат лъэныкъуэ зезыгъэза къэбэрдеипщхэм ящыщу нэхъ къулей дыдэу икIи зэфIэкIышхуэ зиIэу къалъытэ Къарэмырзэ Алий и къуажэхэр зэтрагъасхьэу, мылъкуу дэлъыр къызэщIакъуэну. Пщым и жылагъуэхэр, урысхэм япэIэщIэ зэрищIа щIагъуэ щымыIэу, пэIущIэ бгыхэм хуэжьэгъущIэсу щIигъэзэгъат, зэращымышынэр абыкIэ къигъэлъагъуэу.

Пащтыхьыдзэм мы иджырей и зекIуэм Кавказым Iей и лъэныкъуэкIэ цIэрыIуэ дыдэ щыхъуауэ щыта, адыгэхэр «Елмырзэ ТемырболэткIэ» зэджэу, урысыдзэм а лъэхъэнэм къулыкъу щезыхьэкIа джыназ Фёдор Бекович-Черкасскэри хэтащ.

1825 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м генерал-лейтенант Вельяминов Алексей и унафэм щIэт гупышхуэр Прочный Окоп деж Псыжь щызэпрыкIащ.

Мэлыжьыхьым и 3-м дзэр Чамлыкъ («Чэм лыкъу») псым и Iуфэм IутIысхьащ. Абдежым урысхэм хъыбар къаIэрыхьащ, Къарэмырзэ Алий, дзэр къазэрыхуэкIуэр къищIа иужькIэ, и къуажэхэр къуршым иришэжауэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, мэлыжьыхьым и 4-м, зауэлIхэр Лабэ зэпрыкIащ. Абдежым Вельяминовым, зыкъызэридзэкIыжри, Бекович-Черкасскэм пщэрылъ щищIащ къэзакъхэр зыщIигъуу Лабэ къызэпрыкIыжу, «къуршым ихьэжа» къэбэрдейхэм къакIэрыхуауэ зыхуигъэфащэ мэл гуартэхэр къызэщIикъуэну, абы къыдэкIуэуи, Къарэмырзэ Алий и жылагъуэхэм ипэжыпIэкIэ бгыхэр щтапIэ яхуэхъуами зригъэщIэну.

## Жылэм хуэпIащIэу

Бекович-Черкасскэр дзэр здэщытым и лъабжьэкIэ версти 10 хуэдизкIэ ежэхыжри, псым къызэпрыкIыжащ. Асыхьэтуи ар мыдрыщIым щхьэщылъэгыкI бгы нэпкъхэм я гузэпыщIэм щыхагъэпщ шы гуартэшхуэм ирихьэлIащ. Шыхъуэхэм къыжьэдашащ Къарэмырзэ Алий и къуажэр и пIэ зэримыкIари, верст 20 хуэдизкIэ зэрапэжыжьэри, дэс къэбэрдейхэр, урысхэр къатеуэным пэплъэу нэху щыху зэрымыжеяри, бийр иджыри Чамлыкъ (Чэмлыкъу) псым къызэрыфIэмыкIам и хъыбарыр зэхахауэ, пIейтеиншэу жейм хилъэфагъэнкIэ зэрыхъунури…

Бекович-Черкасскэм Вельяминовым хуиIуэхуащ Къарэмырзэ Алий и къуажэм зэрытеуэр, лъэсыдзэр къахуигъэкIуэнуи елъэIуащ. Вельяминовым япэ ищахэм батальон псо къакIэлъиутIыпщащ, унафи къахуищIащ дзэр ялъэщIыхьэху къуажэр къаувыхьыну, зыри къыдамыгъэкIын хуэдэу.

Унафэр и чэзум къаIэрыхьакъым, батальонри къакIэлъысакъым - къэзакъхэр, лъэсырыкIуи ямыгъусэу, топи ящIымыгъуу, ягу иралъхьа мурад бзаджэм «пэлъэщащ». Зэрыхъуар аращи, Бекович-Черкасскэр мыпхуэдэу егупсысащ: батальоныр сыхьэти 5 хуэдизкIэ къызэрымысыфынум, апщIондэхукIэ бийм (къэбэрдейхэм) а щIыпIэр ябгынэнкIэ зэрыхъунум, е зыхъумэжыным зэрызыхуагъэхьэзырынум. Арати, езым и къэзакъхэм фIэкIа имыгъусэми, уащхъуэдэмыщхъуэу къуажэм теуэну мурад ищIащ.

Урысхэм я гугъат а жылэм унэ 30 - 40 фIэкIа дэмыту. ЗэрызэхахамкIи, Псыжь и адрыщIкIэ щыцIэрыIуэ, шууей нэхъ хъыжьэ дыдэхэм хабжэ Къарэмырзэ Алий езым и уэркъхэм я нэхъыбапIэр и гъусэт. Полковник Бекович-Черкасскэм щIыгъур къэзакъ 350-рэ къудейт.

ЖэщырыкIуэ гъуэгур пхыкIырт беслъэней къуажэхэм я Iэгъуэблагъэм, «Ахъмэт и фо изщ» псэлъафэр зытеIукIа Ахъмэтыбг (метр 1313-рэ и лъагагъщ) егъэщIылIахэм. Яшхэр щхьэхьу яутIыпщри, къэзакъхэр версти 5 хуэдизкIэ ипщэкIэ дэжеящ. Абдежым къыщызэтеувыIэхэри, Лабэ зэпрысыкIыжащ, асыхьэтуи бгы лъагитIым «къаувыхьа» мэзылъэ жьанэм и дыхьэпIэ зэвым къыIухуташ.

Урыс тхыдэтх Поттэ Василий зэритхыжамкIэ, мыбдежым шэрджэси 100-р зауэлI минхэм щапэщIэтыфынут. АрщхьэкIэ, мурад мыгъуэр зыщIахэм къапэувыни щымыIэу, верст 20 хуэдизкIэ мывалъэ лъагъуэ закъуэм «кIапсэлъэрышэу» ирикIуащ, иужьрей нэпкъым зэрыщхьэщыхьэххэуи жылэр къалъэгъуащ.

## Къуажэшхуэр къалэ пэлъытэт

Гупыр къэуIэбжьауэ къэувыIащ. Абыхэм къапэщытыр унэ 30 - 40 фIэкIа зыдэмыт «тэхъуанэ» къызэрыгуэкIтэкъым, атIэ зи щхьэгъубжэхэр къыдэукIыпIэ ящIа псэуалъэ 200-м нэхърэ мынэхъ мащIэ зыдэт «къалэт». АрщхьэкIэ, икIуэтыжыну кIасэIуэ хъуат: я щIыбагъымкIэ беслъэнейхэр къыщыIэт, мыгувэу къэушынкIэ хъуну къуажэшхуэр ипэкIэ къащыпэплъэрт. Ар къызэрызэщIэхъаеу, ерагъкIэ къызыдэкIа дурэшым жэщырыкIуэ гупыр дэкIуэдэжынут.

... Нэхулъэ къищI къудейт. Быдэу жей икIи бэлэрыгъа къуажэм напIэзыпIэм теуахэщ. Iэуэлъауэр зэрызэхахыу, пIащIэ-тхъытхъыу я псэупIэхэм къыщIэж къэбэрдейхэм зэрызахъумэжынур ящIэртэкъым, я Iыхьлыхэми ятегужьеикIат. Абы щыгъуэми, къэзакъхэм ахэр щысхьыншэу зэтраукIэрт. Бий кIэуфIыцIу къахуэкIуэм лыгъэ зрадз я унэхэм цIыху ныкъуэзыхуапэхэр къыщIэжырт, фочрэ къамэрэ фIэкIа ямыIыгъыу...»

Кавказ къэзакъ полкыр ажалзехьэу къуажэм пхрыкIащ. Абы и унафэщI майор Дадымовыр езы пщы Къарэмырзэ Алий Iууащ. Иужьрейр ныкъуэзыхуапэу и унэ бжэщхьэIум тетт. ПсынщIэ дыдэу къыхуэкIуэм фIы игу зэримылъыр нэрылъагъути, фочкIэ къеуащ. Шэр Дадымовым техуакъым. Мыдрейм и кIэрахъуэшэр пщым и щхьэм хуэзащ. Къарэмырзэ Алий и унэ щIыхьэпIэм телIыхьащ...

## Бгы зэхуакур ябгынакIэт

Теуахэм мылъкушхуэ къаугъуеящ. Шыуэ 665-рэ, Iэщышхуэу 530-рэ, мэлу 2300-рэ зыIэрагъэхьащ. Зэхэуэр иуха иужькIи, щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыщи дыжьыни къыщагъуэтащ. Гъэру яубыдар цIыхуи 139-рэ къудейщ, адрей псори зэхэуэм хэкIуэдащ е мафIэм хисхьащ. А щIыпIэм хьэдэу 570-рэ щызэхуахьэсыжри щыщIалъхьэжащ. Аргуэру хьэди 100-м нэблагъэ псыхьэлъахуэ хъуауэ къагъуэтыжащ. АрщхьэкIэ, езы къэбэрдейхэм иужькIэ зэрыжаIэжамкIэ, яукIахэм я бжыгъэр цIыху 1000-м щхьэдэхат. Абыхэм ящыщу, уэркъ дыжьыныгъуэу 18-м нэблагъэмрэ лIакъуэлIэш нэхъ цIэрыIуэхэу 50-м щIигъумрэ.

Къарэмырзэм и къуажэр къэрагъэлын я гугъэу, а щIыпIэм нэсахэт Псыжь адрыщIкIэ щыпсэу къэбэрдеипщхэм ящыщу Къетыкъуэ Жамболэтрэ Аджэрий Кушыкурэ къыздрашэжьа шууей 300-м нэблагъэр, «арщхьэкIэ кIасэ хъуат - джыназ Бекович-Черкасскэм бгы зэхуаку шынагъуэр ибгынакIэт». (Тифлис, 1904 гъэ, «Утверждение русского владычества», 3-нэ том, 2-нэ Iыхьэ, 195-нэ напэкIуэцI).

«Къэхъуар нэхъри щхьэжагъуэ зыщIыр къэбэрдейхэр апхуэдизу гужьеигъуэрэ щысхьыншэу зэтезыукIар езыхэм я лъэпкъэгъуу, Жамболэтхэ я лIакъуэм къыхэкIа къэбэрдеипщ Елмырзэ Темырболэту, урысхэм «Фёдор Бекович-Черкасскэ» зыхужаIэрауэ зэрыщытырщ», - щитхыжыгъащ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа тхыдэтхым «На беглых кабардинцев» зыфIища и тхылъым.

## Пщы уэлийм и къуэри яхэтащ

«МазитI нэхъ дэмыкIыу, мэкъуауэгъуэм и 23-м, генерал Вельяминовыр Псыжь адрыщIкIэ щыпсэу адыгэхэм аргуэру ятеуащ. ШыщхьэуIум и 18-м, зэхэуэ гуащIэхэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, къыкIэлъыкIуэ махуэм илIыкIащ Къарэмырзэ Алий и къуажэр щысхьыншэу зэтезыгъэсхьахэм ящыщ майор Дадымовыр, Кавказ къэзакъ полкым и Iэташхьэр». (Поттэ Василий, «Кавказская война», 2-нэ том, 529-нэ напэкIуэцI).

Псыжь адрыщIкIэ щыпсэу хьэжрэтхэмрэ адрей адыгэ лIакъуэхэмрэ къаруушхуэ къызэщIакъуэри 1825-м и фокIадэ мазэм Къэбэрдейм къэкIуащ. Абыхэм Къетыкъуэ Жанхъуэтрэ Къэсей Исмэхьилрэ я пашэт. Хьэжрэтхэм я мурад нэхъыщхьэр мыбы щыпсэухэр зыхашэнырт, арщхьэкIэ, Къарэмырзэ Алий и къуажэм даукIыхьахэми ялъ ящIэжащ абыхэм. ФокIадэм и 29-м адыгэхэм я дзэ зэкъуэтыр теуащ Къэбэрдейм и щIыналъэм щаухуа станицэщIэхэм ящыщ зым. КъыхэгъэщыпхъэщI, а Iуэхум тхыдэм зи цIэр фIыкIэ щыIуа, Къэбэрдейм и иужьрей пщы уэлий Жанхъуэт Кушыку и къуэ Жамболэти зэрыхэтар.

«Артиллеристым и гъуэгуанэ тхыгъэхэр» лэжьыгъэ гъуэзэджэр зи Iэдакъэщlэкl, ботаник икIи тхакIуэ цIэрыIуэ, генерал-майор Радожицкий Илья гу зэрылъитауэ: «Вельяминовыр Мейкъуапэ пэмыжыжьэу Щхьэгуащэ псыхъуэ зыдигъэбыдыхьауэ дэсыху, шэрджэс шууейхэм ялъэкIащ верст 200 хуэдизкIэ пхъэрхэу, урысхэм Къэбэрдей щIыналъэм иращIыхьа станицэхэм ящыщ зыр «яухъуэнщIу», Псыжь адрыщIкIэ щызэтредгъэсхьа къуажэхэм хэщIыныгъэу ялъыдгъэсам нэхърэ нэхъыбэж къуентхъыу къаугъуеижу, я лъэпкъэгъухэр зыдэс жылэ мамырхэм языхэзри здрашажьэу, къыздикIам ягъэзэжыну».

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Адыгэм и гъащIэр Хэкужьым епхащ

**Дэ къытхуатх**

**Сыт хуэдэ лъэпкъри къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм щриплъэжкIэ, и гумрэ и псэмрэ нэхъ дыхьа, е нэхъ игу къеуа, зэман ипэкIэ иIа псэукIэм зезыгъэхъуэжа напэкIуэцIхэр къыхелъагъукIыж. Апхуэдэщ адыгэ лъэпкъымкIэ илъэс къэс хэдгъэунэхукI накъыгъэм и 21-р, ди гупсысэхэм къыхэна лъэхъэнэ къииныр.**

ГУЗЭВЭГЪУЭ нэхъ ин дыдэу дунейм тет лъэпкъгъэкIуэд зауэ залымыр Урыс пащтыхьыгъуэм адыгэ лъэпкъым кърищIылIат. Абы щыгъуэ хэкуми, хамэ щIыналъэми щыкIуэдащ ди лъэпкъэгъухэр, нэхъыбэр я щIыгу ирахури, Уэсмэн пащтыхьыгъуэм икъухьа щыхъуащ.

Зи къэрал щхьэхуитыныгъэр зыфIэкIуэду адэжь лъахэм къина, зи лъахэ зрагъэбгына цIыху минищэ бжыгъэхэр зэхуэдэу гузэвэгъуэ хэхуащ икIи хуит щыхъужыну зэманым щIэхъуэпсу дунейм ехыжащ.

Зауэ залымыр къезыгъэжьахэри, абы хэтахэри щыIэжкъым. ЩымыIэжхэм зэхащIыхьахэмкIэ нобэ дунейм тет цIыхухэм жэуап яхьыркъым - Къемэт махуэм хэти хуэфащэр Алыхьым зэхигъэкIынщ. Сыт и лъэныкъуэкIи дызыщыгугъри, ди дзыхь зытелъри а Зыращ.

Дэ къыдгурыIуэн хуейщ нобэ дызыпэщIэувэн зэрыщымыIэри, адыгэ лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэхухэр псапэу зэфIихыну, ныкъусаныгъэхэр тхузэригъэзэхуэжу ди пащхьэ къизылъхьэн зэрыщымыIэри. Тхьэшхуэр дэIэпыкъуэгъуу, ди IэпщитIымкIэ длэжьыфынуращ къытхуэнэжыр.

ИлъэсипщI бжыгъэхэр блэкIами, а зэманым ди щхьэ кърикIуар ди гъащIэми, ди щIэжми хэбдзынуи хэпхынуи плъэмыкIыу, щыщ хъуащ. А напэкIуэцI гузэвэгъуэр адыгэ лъэпкъым и тхыдэм къыхэна къудейкъым. Аращ нобэ ди псэукIэр зэлъытари, ипэкIэ дыкIуэтэнымкIэ къару тхуэхъури.

Нобэ хуэдэ щыгъуэ махуэм ди гупсысэхэр зытеухуар ди лъэпкъым ишэча лъэпкъгъэкIуэд зауэм сыт хуэдэ дерс къыхэтхын, сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ къару зэдгъэгъуэтыжын, дауэ зыдужьыжын жыхуиIэхэращ. Ар ди лъэпкъымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ.

Ди зэфIэкIыр зэпхауэ щытын хуейр Кавказми хамэ къэралхэми къыщалъхуа адыгэхэр нобэрей дунейм зыкъыкIэрамыгъэхуу, зыдрагъэкIуу псэунырщ. ПсэукIэ ирехъу, гъэсэныгъэ, щэнхабзэ, спорт - сыт и лъэныкъуэкIи пэрыт, щапхъэ къыттрах дызэрыхъуным дыщIэхъуэпсын хуейщ.

Уадыгэмэ, япэ дыдэу уиIэ пщэрылъыр уи лъэпкъ ухуэлэжьэныр, уи щIыгужь уисыжыныр, уи анэдэлъхубзэр пхъумэныр, диныр бгъэлъэпIэныр, адыгагъэм утемыкIыу, илъэс мин бжыгъэ лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр зыми хыумыгъэутэныр аращ. Аращ адыгэ Iуэхур зытеухуауэ щытын хуейр.

Защытхъумапхъэщ лъэпкъ гупсысэ зимыIэу, Iуэху пыухыкIаи зымыщIэфу гуитIщхьитIу дунейм тетхэм. Апхуэдэхэр лъэпкъым гъуази паши хуэхъуркъым.

Лъэпкъыр Хэкужьым щызэхуэсыжым Iуэхур псом япэ игъэщыпхъэщ. Къэгъэзэжыным пэув дэтхэнэми, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ ищIми, адыгэ лъэпкъым игу фIы хуимылъу къыдолъытэ. Апхуэдэхэр гурэ псэкIэ зыхуэлажьэр адыгэ лъэпкъым и щIыгужь IэщIэгъэкIыпырщ, игъащIэкIи зыкъимыIэтыжынырщ, хамэ къэралхэм, ямылъэпкъэгъухэм яхэкIуэдэжынырщ. ДэркIэ ар нахуэщ.

Адыгэ нэсым и гъащIэр зэпхауэ щытыпхъэр Хэкужьырщ. Абы къыхэкIыу, Алыхьым долъэIу ди адыгэ ныпыр ди щхьэщыгу иту, Хэкужьым дыщызэришэлIэжауэ тлъагъужыну!

**СЭХЪУТ Аскэр.**
*Краснодар къалэ*

# ХэкIыпIэхэр агъэфедэхэзэ IэпыIэгъу афэхъух



*ЖъоныгъуакIэм и 21-р шъыгъо-шIэжь мафэу щыт. Илъэси 159-кIэ узэкIэIэбэжьымэ, Кавказ заом ыпкъ къикIыкIэ тилъэпкъэгъу нэбгырэ мин пчъагъэхэм яхэгъэгу абгынагъ. Ащ фэдиз уахътэм IэкIыб хъугъэ адыгэхэм къагъэзэжьыныр лъэпкъ гупшысэу зыдаIыгъыгъ. 1998-рэ илъэсым ар къадэхъугъ ыкIи жъугъэу къэкIожьынхэу рагъэжьагъ. Ахэр Адыгэ Республикэм зихэку къэзыгъэзэжьыгъэхэр щыIэныгъэм хэгъэгъозэжьыгъэнхэмкIэ и Гупчэ апэ еуалIэх. Ащ ипащэу ГъукIэлI Асхьад тилъэпкъэгъухэм алъэныкъокIэ зэшIуахырэм фэгъэхьыгъэу гущыIэгъу тыфэхъугъ.*

**- Асхьад, Гупчэм пшъэрылъ шъхьаIэу иIэхэмкIэ тизэдэгущыIэгъу едгъэжьэмэ тшIоигъу.**

- 1998-рэ илъэсым Косовэ тилъэпкъэгъухэр жъугъэу къыращыжьыхэ зэхъум ти Гупчэ къызэIуахыгъагъ. Республикэм илъ щыIэкIэ-псэукIэм хэгъэгъозэгъэнхэм анахьэу тынаIэ тетыгъ. Джыри джащ фэд, цIыфыр IэкIыб къэралыгъом къикIэу къэкIон зыхъукIэ егъэблэгъэ тхылъым къыщегъэжьагъэу зэрысыщтым, зыдэтхэгъэщт чIыпIэм, нэмыкIхэм япхыгъэ тхьапэхэр зэкIэ фэтэгъэхьазырых, къэкIожьын Iофыр нахь Iэрыфэгъу зэрэфэхъущтым тынаIэ тет.

**- Тилъэпкъэгъоу зихэку къэзыгъэзэжьыхэрэм япчъагъэ аужырэ илъэсхэм нахьыбэ е нахь макIэ хъугъа?**

- IэкIыб къэралыгъохэм арысхэу къэзыгъэзэжьырэ тилъэпкъэгъухэр икIыгъэ илъэсми, ащ ыпэкIи нахь мэкIагъ. Зэпахырэ узэу коронавирусым ыпкъ къикIыкIэ зекIоныр зэрагъэмэкIэгъагъэм ар епхыгъ. ГущыIэм пае, 2022-рэ илъэсым тилъэпкъэгъоу Адыгеим къэкIожьыгъэр нэбгырэ 95-рэ, мы илъэсым иджырэ уахътэ ехъулIэу а пчъагъэр нэбгырэ 86-рэ мэхъух.

Тыфай адыгэу къэкIожьыхэрэр нахьыбэ хъунхэу, ахэм тадеIэнэу, зэрифэшъуашэм фэдэу тапэгъокIын тлъэкIынэу. Тарихъым инэкIубгъохэр зыщытымыгъэгъупшэхэу мамыр щыIэкIэ-псэукIэр зэрэдгъэдэхэщтым тыпылъ. НепэкIэ хэкум къэкIожьы зышIоигъохэм ящыкIэгъэ къэбарыр игъэкIотыгъэу АР-м лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет исайт рагъотэщт. АпэрапшIэу зэрэзекIощтхэр, ящыкIэгъэщт тхьапэхэр зыфэдэхэр, IэпыIэгъоу ядгъэгъотын тлъэкIыщтыр, телефонэу зытеощтхэр, нэмыкIхэри бзиплIыкIэ зэдзэкIыгъэхэу сайтым итых.

**- Асхьад, IэкIыб къэралыгъохэм къарыкIыжьырэ тилъэпкъэгъухэр сыд фэдэ гумэкIыгъохэм апхырыкIыхэра?**

- ЗэкIэ къэкIожьыхэрэр пIэлъэ гъэнэфагъэкIэ зыщыпсэущтхэ чIыпIэм дэтхэгъэнхэм (РВП) иIофыгъо еуалIэх. Ар агъэпсыным ыпэкIэ зэрэадыгэр къэзыушыхьатырэ тхьапэр язытырэр Адыгэ республикэ общественнэ организациеу «Къэзыгъэзэжьыгъэхэр щыIэныгъэм хэгъэгъозэжьыгъэнхэмкIэ Унэр» ары. АщкIэ хэушъхьафыкIыгъэ комиссие зэхэтщагъэу Iофхэм ахэплъэ. Мыщ Шам къикIыжьыгъэу нэбгырищ, Иорданиеми джащ фэдиз, Тыркуем - нэбгыритф хэхьагъэх. Нэужым тхьапэр зэратырэр кощын IофхэмкIэ къулыкъум макIо. Ти Гупчэ а къулыкъум зэпхыныгъэ дырииIэу щыт, цIыфыр зыкIокIэ къыпэгъокIых, Iоф къыпымыкIэу къыддеIэх, тэркIи ежьхэмкIи ар Iэрыфэгъу мэхъу.

Хэкум къэзыгъэзэжьыгъэ тилъэпкъэгъухэм дэтхэн Iофыр зэшIуагъэкIхэу, «вид на жительство» зыфиIорэр яIэ зыхъукIэ хэбзэ шапхъэу щыIэхэм ялъытыгъэу чIыгу Iахь къаратын алъэкIыщт. Нахьыбэр къызкIэлъэIурэр Мэфэхьаблэрэ Пэнэхэсрэ чIыгур къащаратынэу ары. Мэфэхьаблэ дэтIысхьэхэмэ ашIоигъоу лъэIу тхылъ нэбгыри 154-рэ фэдизмэ къатыгъ. А псэупIэм щатынэу чIыгу зэрэщымыIэжьым къыхэкIэу Iофыр къызэтеуцуагъ, джа гумэкIыгъом хэтых. Адыгеим и ЛIышъхьэу КъумпIыл Мурат мы Iофыгъом щыгъуаз, ащ изэшIохын ыуж итых. Ащ нэмыкI лъэныкъохэмкIи тилъэпкъэгъоу къэкIожьыгъэхэм республикэм ипащэ ынаIэ къатет.

Джащ фэдэу илъэс зэкIэлъыкIохэм зихэку къэзыгъэзэжьыгъэ тилъэпкъэгъухэм яспискэ тиI, ахэм афэгъэхьыгъэ къэбарыр зэкIэ ащ итхагъ, щыкIагъэу яIэр, Iоф зыщашIэрэр е зымышIэхэрэр. Амалэу тиIэм елъытыгъэу IэпыIэгъур ятэгъэгъоты. АщкIэ зэпхыныгъэ дытиI тилъэпкъэгъухэм IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэнымкIэ АР-м иобщественнэ фондэу «Репатрианты» зыфиIорэм.

Къэралыгъо хэбзэ къулыкъухэм зэпхыныгъэ адытиI. Зыгорэ къэсымэджагъэу IэпыIэгъу ищыкIагъэмэ, псаунымгъэр къэухъумэгъэнымкIэ министрэм тыфытео, зэу Iофыр зэшIохыгъэ мэхъу. АР-м гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIи Министерствэ зыфэдгъазэмэ ащ испециалистхэм тилъэIу къытфызэшIуахы. Республикэм къызыкIожьыхэу ятхылъхэр загъэпсыхэкIэ, тIысыжьхэу щысхэп, Урысыеу къызэрыхьажьыгъэхэм илъ къэралыгъуабзэр зэрагъэшIэн фаеу мэхъу. Урысыбзэм изэгъэшIэнкIэ зэIухыгъэ курсхэр Мыекъапэ дэт апшъэрэ еджэпIитIум ащыфызэхащагъэх.

**- Тилъэпкъэгъухэм адыгабзэр чIанагъэу щыта? КъызэрагурыIорэр къытфэIуатэба.**

- Сигуапэу къыхэзгъэщымэ сшIоигъу адыгэхэм яхэку забгынагъэм илъэси 159-рэ тешIагъэми, хэхэсэу къэралыгъо зэфэшъхьафхэм итэкъухьагъэу ащыпсэугъэхэми, адыгабзэр зэрафэлъэкIэу къызэтырагъэнэн алъэкIыгъ, къагурэIо ыкIи дэгъоу рэгущыIэх. Ежьхэми къыхагъэщы сыдигъуи бзэр, хабзэр, лъэпкъыр зэращымыгъупшагъэхэр, зэрагъэлъэпIагъэхэр. Шъыпкъэ, тIэкIу нахь ныбжьыкIаIоу ахэтхэр ащ фэдэ дэдэхэп, нахь макIэу бзэр ашIэ.

**- Ятарихъ чIыгу къэзыгъэзэжьыхэрэм Адыгэ Республикэм социальнэ-экономикэ хэхъоныгъэ ышIыным яIахь халъхьа? Сыдащ къепIолIэщтыр?**

- Ежьхэм яшIоигъоныгъэкIэ Адыгеим къэзыгъэзэжьырэ тилъэпкъэгъухэм Iоф ашIэ, яшIэныгъэхэм ахагъахъо. Ахэр республикэм щызэхащэрэ Iофтхьабзэхэм зэкIэми, зэнэкъокъухэм ахэлажьэх. Къэралыгъо ансамблэхэм къащэшъох, орэдхэр къащаIох, музеим, нэмыкI IофшIапIэхэм аIутых. Врач цIэрыIохэр, псэолъэшI бэлахьхэр къахэкIыгъэх. Унэе бизнес зэфэшъхьафхэр къызэIузыхыгъэхэр ахэтых. Зы зэдэгущыIэгъум зэкIэ зырызэу къыщыпIон плъэкIыщтэп. Ау хэзгъэунэфыкIымэ сшIоигъор къэкIожьын Iофыр къызежьагъэм щыублагъэу къытхэхьажьыгъэхэм ащыщ зы нэбгырэ къэралыгъом ихэбзэгъэуцугъэ ыукъуагъэу къыхэкIыгъэп.

Тилъэпкъэгъухэр Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу КъумпIыл Мурат, Правительствэм, Къэралыгъо Совет - Хасэм, зэкIэ IэпыIэгъу къафэхъухэрэм афэразэх, «тхьашъуегъэпсэу» араIожьы.

**- Асхьад, тапэкIэ гухэлъэу Гупчэм зыдиIыгъхэм тащыбгъэгъозагъэмэ дэгъугъэ.**

- Гупчэр джыдэдэм зычIэт унэм изытет уигъэрэзэнэу щытэп. Хэбзэ шапхъэу щыIэхэм ялъытыгъэу къэкIожьырэ тилъэпкъэгъоу къытэуалIэхэрэр мыщ иттхэнхэ тлъэкIырэп. Ащ пае КъумпIыл Мурат тыдэгущыIи, Iизынэу къытитыгъэм елъытыгъэу проект-сметэ тхылъхэр зэхэдгъэуцуагъ унэм игъэкIотыгъэ гъэцэкIэжьынхэр рашIылIэнхэу. Зы унэу, тIоу ыкIи щэу зэтеутыгъэхэу зэтегъэпсыхьажьыгъэнхэу ары тызыфаер. Унагъоу къэкIожьырэм ис цIыф пчъагъи елъытыгъэу идгъэтIысхьанхэ тлъэкIыщт.

**- ТизэдэгущыIэгъу сызылъымыIэсыгъэ горэ щыIэу къыхэбгъэхъожьы пшIоигъуа?**

- Тилъэпкъэгъоу къэкIожьыгъэхэр хэушъхьафыкIыгъэ дзэ операцием хэлажьэхэрэм IэпыIэгъу афэхъухэ ашIоигъоу зэхахьэхи зэхэгущыIэжьыгъэх. Амалэу яIэр зэхагъахъуи, зэрыгыкIэхэрэ пкъыгъохэр ыкIи гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэр зыдэлъ къэмлани 173-м ехъу афатIупщыгъ.

Ар гъэхъэгъэшхоу къыхэдгъэщыкIэ арэп. МыщкIэ къитIотыкIы тшIоигъуагъэр зыщыплъыр чIыпIэхэм къулыкъур ащызыхьырэ тидзэкIолIхэм тызэрафэгумэкIырэр, агу къыдэтщэеныр ыкIи къэралыгъом зэрихьэрэ политикэм зэрэдедгъаштэрэр ары.

Заохэр, лъэпкъ зэпэуцужьхэр тихэгъэгу къимытэджэнхэм, мамыр щыIакIэ тиIэным афэшI тарихъым инэкIубгъохэр зыщыдгъэгъупшэхэрэп, лъэпкъхэм языкIыныгъэ игъэпытэн тапэкIи тыпылъыщт.

**- Тхьауегъэпсэу гущыIэгъу укъызэрэтфэхъугъэмкIэ.**

**IЭШЪЫНЭ Сусанн.**

# Яхэкужъ къэкIожьхи, агу рэхьат хъужьыгъэ

**Пэнэхэс щыпсэурэ тилъэпкъэгъухэр зытес урамым сытетэу сырыкIозэ, гущыIэ щхы макъэхэр къызыдэIукIырэ щагум дэсыгъэ бзылъфыгъэхэм гу алъыстагъ. НэIуасэ сафэхъунэу сызыIохьэм ыкIи адыгэ гъэзетым сыкъызэрикIыгъэр зясэIом гушIуагъэх, къысфэчэфхэу ядэжь сырагъэблэгъагъ. Ыпшъэ кIэ гущыIэгъу сызыфэхъугъэ Тхьаухъо Яхья ишъхьэгъусэу Динэ хьэкIапIэ къафэкIуагъэу сытефагъ ыкIи мыщ дэжьым ащи нэIуасэ сыщыфэхъугъ.**



УНАГЪОМ ибысымэу Абдзэхэ Саран гушIубзыоу иунагъо икъэбар къысфиIотагъ. Ишъхьэгъусэу Ибрахьим Бибарсрэ ежьыррэ шъэожъыищ зэдапIу. Сизар илъэс 13, Ахьмэд 10 ыкIи анахьыкIэ цIыкIоу Джад илъэси 5 аныбжь. ТIур гурыт еджапIэм, анахьыкIэр кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм макIох. Бибарс ШIэжъокъохэм ащыщ, илIакъокIэ къэбэртай, Налщык щыщых. Ау бэшIагъэу илъэкъоцIэгъухэр щыIэжьхэп. Ежь Бибарс гущыIэгъу тыфэхъунэу хъугъэп, IофшIапIэм щыIагъ. Ар исэнэхьаткIэ сантехник, Яблоновскэм кIозэ Iоф щешIэ.

Саран къызэрэтфиIотагъэмкIэ, Шам щыIэ къуаджэу МарджэсултIан яунагъокIэ дэсыгъэх. Заом ыпкъ къикIэу ахэм ашъхьэ къырахьыжьэжьын фаеу хъугъэ. 2012-рэ илъэсым иIахьыл гупсэхэр игъусэхэу адыгэ чIыгужъым къагъэзэжьыгъ. Ащыгъум ишъэожъые нахьыжъ илъэситIурэ ныкъорэ ыныбжьыгъ.

- Чылэм заор къыдэхьагъэу ащ илъэмакъэхэр зэхэтхыщтыгъэ. Сипщ щэр къытефи уIагъэ къытырищэгъагъ. Тэри тхьамыкIагъор къыднэмысыпызэ тIуи, зэкIэ ищыкIэгъэ тхьапэхэр дгъэпсыхи гузэжъогъу IофкIэ Шам тыкъикIыжьыгъ. Сипщи сигуащи тигъусэхэу Адыгеим тыкъэкIожьыгъ. Къин тлъэгъугъэми, тичIыгужъ тыкъифэжьыгъэшъ тэгушIо. Гукъау нахь мышIэми, сипщ илъэситIу хъущт идунай зихъожьыгъэр.

Саран илIакъокIэ Цэйхэм ащыщ, абдзах. Адыгабзэр дэгъоу зэригъэIорышIэрэм къыхэкIэу ащ фэгъэхьыгъэу упчIэ есымытын слъэкIыгъэп.

- ТиунагъокIэ тятэ бзэр тигъэшIагъ. Шам тыщыпсэуфэ адыгабзэр ары тызэрэгущыIэщтыгъэр. АрапыбзэкIэ тыгущыIэнэу тятэ къытфидэщтыгъэп. ЗэшыпхъуищырэI зы кIалэрэ тэхъу, зэкIэми адыгабзэкIэ дэгъоу тэгущыIэ, - еIо Саран.

Саран икIалэхэм адыгабзэр еджапIэм щызэрагъашIэ нахь мышIэми, рыгущыIэнхэр къашIокъин, урысыбзэр нахь агъэфедэ. Унагъом арапыбзэкIэ щызэдэгущыIэх.

Саран исэнэхьаткIэ кIэлэегъадж, инджылызыбзэкIэ ригъэджэнхэу диплом иI. Ау джыри Iоф ришIэнэу хъугъэп, сыда пIомэ ипщ сымаджэу ащ ифэIо-фашIэхэр ыгъэцэкIагъ, нэужым сабый къыпыфагъ ыкIи ащ ипIун пылъыгъ.

Бысым ныбжьыкIэр хэбзэ IофышIэ мыкIоми, унэгъо хъызмэтым пылъ, хатэр елэжьы.

- Чылэ цIыкIу тызыдэсыр, рэхьат, зэкIэри цIыф дэгъух, гукIэгъу ахэлъ, - къеIуатэ Саран. - Тыщыпсэунэу тызэрэкIуагъэр лъэшэу ягуапэ хъугъэ, къэкIох, къытлъэплъэх, тищыкIагъэ щыIэмэ яамал къызэрихьэу тагъэгъоты. Сятэ-сянэхэр, сшыпхъу нахьыжъ Шам къинагъэх, ахэри къызэ-рэсщэжьыщтым сыпылъ. Сятэ ыныбжь хэкIотагъ, Iоф фэшIэжьыщтэп. Арышъ, псэупIэ иIэныр ары анахь шъхьаIэр. Сшыпхъу ишъхьэгъусэ дунаим ехыжьыгъ, икIэлэ нахьыжъ Адыгеим къэкIуагъэу Iоф щешIэ, нахьыкIэм илъэс 19 ыныбжь, ащи тадэжькIэ зыкъыгъэзэжьынэу щыт. Мы мафэхэм сятэ Мыекъуапэ къэкIуагъэу щыI. Адрэ сшыпхъухэр Тыркуем ыкIи Германием ащэпсэух.

Саран игуащэу Хьасанэ БадиIа тизэдэгущыIэгъу игуапэу къыхэлэжьагъ. Ащ илIакъо Хьатикъуае щыщ, илъэс 80 ыныбжь. Къалэу Дамаск ит къоджэ коеу МарджэсултIан щыпсэугъ. Ишъхьэгъусэ машинэхэр ышIыжьыщтыгъэх, ежьым унэгъо фэIо-фашIэхэр ыгъэцакIэхэу унэм исыгъ. Ишъхьэгъусэрэ ежьыррэ кIэлитIу зэдапIугъ.

- Заор мыхъугъагъэмэ, тыкъэкIожьыщтыгъэп, бэу тытхъэжьэу тыпсэущтыгъ. Тиунэхэр дэхагъэх, зэтегъэпсыхьагъэу, рэхьатэу тыщыIагъ. Заом ыпкъ къикIэу тиунэхэр зэхакъутагъэх, ахъункIагъэх, илъыр зэкIэ арахыгъ. Тщыгъыхэм анэмыкI зыпари къэтымыштэу тшъхьэ къетхьыжьэжьи тыкъэкIожьыгъ, - къеIуатэ БадиIа. -Илъэс пчъагъэм уугъоигъэ мылъкур къычIэптэкъуни, пшъхьэ къепхьыжьэжьыныр хэткIи къины. «Бынхэр орэпсауи, тимыIэр дгъотыжьыщт» - тIуи джаущтэу Адыгеим псэупIэкIэ тыкъэкIожьынэу хъугъэ. «Тихэку тыкъэкIожьыгъ» тIуи, тыгу рэхьатыжьыгъ. Мэшэлахьэу унэ тфашIи тычIагъэтIысхьагъэу, рэхьатэу тыщэпсэу. ЗэкIэри тхьаегъэпсэух, лъэшэу тафэраз, зыпари къатенагъэп. Къоджэдэсхэри дэгъоу къытпэгъокIыгъэх, тыгу къаIэтыгъ. Сишъхьэгъусэ сиIэжьэп, илъэсрэ ныкъорэ хъугъэ идунай зихъожьыгъэр.

- АдыкIэ щыIэкIэ-псэукIэу щышъуиIагъэр тIэкIу нэмыкIыгъ, сыдэущтэу мыщ шъуесагъа? - сяупчIы бысымхэм.

- «Тесэжьыгъ» - мэщхых игуащи иныси зэдырагъаштэу.

-Синысэ ыIэ зэкIэ къехьы, - лъегъэкIуатэ игущыIэ ныом. - КIалэмрэ нысэмрэ зэгъусэхэу унэгъо фэIо-фашIэхэр агъэцакIэх, хатэр зэдалэжьы, хэтэрыкIхэр къагъэкIых. Адрэ сикIалэу Албанием щыIэм пшъэшъитIурэ зы кIалэрэ иI. Сэ пшъашъэ симыIэми, нысэ дэгъухэр синасып къыхьыгъ ахэр сипшъашъэм фэдэх. Ежьхэри къысфэдэгъух, тызэгурэIо, Тхьэм сыфэраз.

- Тишхыныгъохэм сыдэущтэу шъуясагъа? - сяупчIы бысымхэм.

- Ащи тясагъ. Загъори араб шхынхэр тэшIых, ау кIалэхэр ащ фаехэп, адыгэ шхынхэр нахь якIас, - еIо Саран.

БатиIа диным ишъыпкъэу пылъ, зы нэмаз шIыгъуи блигъэкIырэп. Мыщ къэкIоным илъэс иIэу Хьаджэ кIогъагъэ, мазэрэ къэтыгъ. Ащ нэмыкIэу ишъхьэгъусэ игъусэу Хьымрэ щыIагъэх. Ежьым имызакъоу унагъом исхэм зэкIэми, кIэлэцIыкIухэр зэрахэтхэу, нэкIыр аIыгъ.

БатиIа ыкIи зэшъхьэгъусэхэу Бибарсрэ Саранрэ яунагъо тафэлъаIо тапэкIэ къиныр зыщыщыр амышIэу, щыIэкIэшIу яIэу псэунхэу, ямурад дахэхэр къадэхъунхэу.

**КIАРЭ Фатим.**

# Псыжьыщхьэ къыщыхута шапсыгъ къуэпс

ЛIЫЩIЫГЪУЭКIЭ екIуэкIа зауэм и джэрпэджэжхэр зылъэмыIэса лъэпкъи, лIакъуи, Тхьэм ирещIи, Кавказ щIыналъэм къинакъым. А лъапсэрых зауэм и лъэужь фэеплъ къыщIэнахэм ящыщу адыгэ лIакъуэ куэдым къащIэна унагъуэцIэхэм Псыжь и сэмэгурабгъум адыгэхэм щызэрагъэпэщыжа къуажэхэм нэхъ ущрехьэлIэ. А унагъуэцIэхэр зезыхьэу щыта лIакъуэхэр Кавказ зауэм ипэкIэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр иджы зэрыс хэгъэгум пэжыжьэу псэуащ. АтIэ, а къуажэхэм дэсщ Вапсынэ, Iэгуей, Мамхэгъ, Хьэтыкъуей, КIэмрыгу, Убых, Натхъуэ адыгэ лIакъуэцIэхэм къатехъукIа унэцIэхэр зезыхьэ адыгэхэмрэ абазэхэмрэ. Апхуэдэу Шапсыгъ уэркъышхуэ Абатэхэ я унэцIэр жылэ фIэщыгъэцIэу зезыхьэ Абатэ-Хьэблэ (Эрсакон) къуажэр Инжыджышхуэ псым и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм и бжьэпэм къыщыхутащ. АтIэ сытым къихьа ахэр шапсыгъ лIакъуэм пэжыжьэ, илъэс щэ бжыгъэкIэ нэгъуэщI адыгэ лIакъуэхэр щыпсэуа щIы кIапэм?

Уарп псыхъуэ къыщыщIэдзауэ Псыжь псыхъуэ и сэмэгурабгъум нэс нэхъыбэу исар къэбэрдей, беслъэней, абазэхэ, кIэмыргуей лIакъуэхэращ. Кавказ зауэм къела адыгэхэм зэрагъэпэщыжа къуажэхэм я жылэпщхэм я цIэхэм къытепщIыкIа фIэщыгъэцIэхэр зэрахьэ: ХьэтIохъущыкъуей, Дохъушыкъуей, абазэпщ Лэухэ я къуажэ, журтхэм я къуажэ Джэгъэнэс, Марыхъу - эстонхэм я псэупIэу щыта, нэгъуэщIхэри. Ауэ абыхэм я нэхъ гъэщIэгъуэну Уарп и псыхъуэмрэ Инжыдж псыхъуэмрэ дэсащ шапсыгъ жылагъуитI. Тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, Шапсыгъхэм я щIыналъэр хы ФIыцIэ гъунэм къыщыщIидзэрти Iэдэгум, Псыжь, Супс и псыхъуэхэр къызэщIэзыубыдэ хэгъэгу зэбгъузэнатIиплIу къыщылът. Абы «ШапсыгъышхуэкIэ» еджэрт, адэкIэ хы ФIыцIэ гъунэм Шапсыгъ ЦIыкIум я щIыналъэм къызэщIиубыдэрт ЦIэмэз къыщыщIэдзауэ Шахэ, Пшад я псыхъуэхэр къыдэкIуэу.

Шапсыгъхэм я пщыуэ щытащ Абатхэ Хъанджэрий. Бламберг И. къызэриIуатэмкIэ, лIакъуэр цIыху мин 200-м щIегъу. Абы тегъэщIапIэ ищIыр 1830 - 1833 гъэхэм а хэгъэгум щыIа Новицкэм и тхыгъэрщ. Шапсыгъ унагъуэ мин 25-рэ къибжауэ урысыдзэм яIэщIигъэхьат абы. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, шапсыгъхэм я пщышхуэу щытащ Беслъэней Абат и къуэш Убых щIыгъуу. Убых тхыгъэхэм деж зэм Убыш, зэми Убыхыу ущыхуозэ. Абатэпщым и къуэхэм я цIэхэр атэлыкъыу зрита лIакъуэхэм я фIэщыгъэцIэу жаIэ. Псалъэм папщIэ, Беслъэней и атэлыкъыу щытар беслъэней лIакъуэм щыщти, пщы щIалэм ар цIэуэ фIащащ. Адрейр убыххэм я деж щапIати, Убых фIащащ.

Езы Абат и къуажэхэр Абин псыхъуэ дэсащ, абы и къуажэхэм зыр Антхир, адрейр Бугундир я фIэщыгъэцIэу щыжеIэ Новицкэм и тхыгъэм.

Уэсмэн, Урысей империехэм адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнур щаду-щабзыжа лъэхъэнэм Абат Беслъэней балигъ хъуат. Адыгэ лъэпкъым и пщэдей махуэр къэралышхуитIым я зэгурыIуэныгъэкIэ, бэзэрым щащэ хьэпшыпым хуэдэу, зэфIахащ Андрианопольскэ зэгурыIуэныгъэмкIэ. Тыркум зэи IэщIэмылъа щIыналъэр, щыпсэу лъэпкъхэри щIыгъуу, Урысейм «иритыжащ». Шэчыгъуейуэ напэншагъэ къращIаращ зэгуэрми зым и унафэ щIэмыта адыгэ лъэпкъыр икIуэтыпIэншэ зыщIар.

1807 - 1812 гъэхэм Урысейм и дзэ Золотницкий зи унафэщIым, Натхъуей жылэхэу 40-м щIигъу зэтрикъутащ. Къэзакъ атаман Бурсак и гупым махуитху кIуэцIым шапсыгъхэм я къуажэ 18 игъэсащ. А лъэхъэнэм Абат Беслъэней къыгурыIуащ и лъэпкъыр кIуэдыпIэм зэрыхуагъакIуэр. 1829 гъэм Беслъэней Тыркум кIуауэ щытащ адыгэхэм я щIыналъэу Урысейм иратар пэжрэ пцIырэ зэхигъэкIыну. Абат абдеж къыщыгурыIуащ Тырку къэралыр Урысейм зэрыпэмылъэщыр къызэрыщагъэпщкIур. АкъылыфIэ, жыжьэрыплъэ Беслъэней Урысейм адыгэхэр гурыIуэмэ я Iуэху нэхъыфI зэрыхъунур зыхищIэрт, икIи а Iуэхур зэфIихыну яужь итащ. Ауэ адыгэпщхэр, мы Iуэхум я еплъыкIэкIэ, гупищу зэкъуэуда хъуат. Япэ гупыр Тыркум и телъхьэт, етIуанэм Урысейм и лъэныкъуэр нэхъ къащтэрт, ещанэм - хьэтыкъуейхэм, кIэмыргуейхэм, абазэхэхэм, беслъэнейхэм - зыдеIэну лъэныкъуэр иджыри къыхахатэкъым.

Адыгэ лIакъуэхэм зыдеIэну лъэныкъуэр къыхахыхукIэ, Урысейм игъэхьэзыращ Адыгэ щIыналъэр къанэ щымыIэу къэзэуа зэрыхъуну Iэмалхэр. Ауэ адыгэ щIыналъэм, уэгум щикъухьа вагъуэу, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыгъэпщкIуауэ ис жылэхэр зэман кIэщIкIэ хуабжьу къэхутэгъуейт. Абат и къуэм Урысейм и лъэныкъуэр зэриIыгъым щыгъуазэ дзэпщхэм иджыри зэ къыхуагъакIуэ тIасхъэщIэх Новицкэр. Абат зэкъуэшхэр лъэкI къамыгъанэу дэIэпыкъуащ Урысейм и тIасхъэщIэх офицерым. Псыжь псыщхьэ щыпсэуа къуажэхэр здэщыс щIыпIэхэр Новицкэм ирагъэлъэгъуащ. Зэкъуэшхэм шапсыгъ щIыналъэм щагъэзэжым, урысыдзэм пэщIэтхэм жасусхэу къалъытэри, укI тралъхьэн хуейуэ къагъэлъэгъуащ. Абат зэкъуэшитIым я унагъуэхэр адыгэ дзэпщхэм гъэр ящIри, я хьэкум ящIэхун щIэсыну гъэрэщым щIадзэ. Беслъэней и щIалэ Щыхьым-Джэрий хьэкумыщIэхэм къыжраIэ и адэр хьэрэм ищIауэ Тхьэ яхуиIуэмэ, псэууэ къагъэнэну, и адэм бгъэдэлъа мылъкури къратыжыну. НэгъуэщI хэкIыпIэ зимыIэ щIалэр хьэкумыщIэхэм я жыIэм еувалIэри, езыр чэчэнейхэм яхэтIысхьэжащ. Абазэхэхэм, беслъэнейхэм, кIэмыргуейхэм я жылэхэр зэрызэтракъутар Абат зэкъуэшхэм я къуаншагъэу къалъытэрт. Апхуэдэу зэкъуэш Абатхэм я гъащIэр яхуэмыхьыж щыхъум, дауэ ящIами, урысыдзэр щытепщэ Псыжь и ижьырабгъум къэIэпхъуахэщ.

1830 гъэм Абат зэкъуэшхэр ирагъэблагъэ Кавказым урысыдзэ щыIэм и унафэщIым деж. Абы и хэщIапIэр Псыхуабэт (Пятигорск). Беслъэней къилъытэрт адыгэ лъэпкъыр Урысейм хыхьэмэ и гъащIэр нэхъ зэпэщ, езыхэр нэхъ лъэщ хъуну. 1834 гъэм Абат Беслъэней Бытырбыху ягъакIуэри, абдеж нэIуасэ щыхуохъу Хъан-Джэрий. КъэкIуэжын ипэкIэ ар нэIуасэ хуащI кадет корпусым щрагъаджэ адыгэ уэркъ сабийхэм я псэукIэм. Царское Селом пащтыхьым щыIуагъащIэ. КъокIуэж, щалъхуа шапсыгъ щIыналъэм егъэзэжри, и гъащIэр 1837 гъэм абдеж щеух.

И щIалэ Щыхьым-Джэрий, Тамбий ЛIыкIэщI (Тлекеч) и гъусэу, Торнау адыгэхэм я гъэру щыщыта лъэхъэнэм хуит къэщIыжыным фIыуэ хэлэжьыхьауэ щытащ. Тэрнау Ф. хуит къыщащIыжар 1838 гъэм щэкIуэгъуэ (ноябрь) мазэм и 10-ращ. Кавказым и къухьэпIэ лъэныкъуэм теухуауэ зэхалъхьа картэм Теген псы цIыкIур Уарп щыхэхуэж щIыпIэм 1842 гъэм Абатэхэ я жылэ щыпсэуауэ итщ, ауэ ар зеяр езы Беслъэней, хьэмэ и щIалэ Щыхьым-Джэрий - ар убзыхуауэ щыткъым.

Щыхьым-Джэрий и къуажэ Инжыджышхуэм и псыщхьэ Кяфар псым и деж Iусауэ къегъэлъагъуэ а лъэхъэнэм зэхалъхьа картэм. 1843 гъэм а щIыпIэм къиIэпхъукIри, Инжыдж ЦIыкIум и ижьырабгъум къыщепсыхащ Абат Щыхьым-Джэрий и къуажэр, абы яхэтIысхьэжащ Тамэ Аслъэнбэч и жылэ цIыкIури. Абы пэмыщIу, Абатым и жылэм къахэтIысхьащ Къасей и хьэблэм (иджы Хьэбэз) щыпсэуа Мысрокъуэхэр. А щIыпIэм Абатэхьэблэр щысу, пащтыхь правительствэм Щыхьым-Джэрий Инжыджышхуэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм 1867 гъэм Ярсакон быдапIэр здэщыта щIыпIэм деж дестынэ 478-м нэс щIыгу Iыхьэ къыщритащ.

Щыхьым-Джэрий и къуажэр 1893 гъэм нэс Абатэхьэблэу тхыгъэхэм хэтщ, а гъэм и кIэм ар ятхыжащ Эрсакон къуажэцIэр иIэу. Фелицин Е. и тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, а къуажэм дэсащ нэгъуэщI адыгэ лIакъуэхэм щыщи: къэбэрдейуэ унагъуэ 29-рэ, беслъэнейуэ унагъуэ 17, кIэмыргуейуэ унагъуи 3, хьэтыкъуейуэ 1 унагъуэ, абазэхэу унагъуи 4, шапсыгъыу унагъуи 6, мудавейуэ 1 унагъуэ, къумыкъуу 1 унагъуэ.

Щыхьым-Джэрий и щIалэ Беслъэн 1896 гъэм ирихьэлIэу бынибгъу иIауэ тхыгъэм къыхощ, ауэ абыхэм адэкIэ я гъащIэм и къекIуэкIыкIар иджыкIэ убзыхуауэ щыткъым.




**ТЕМЫР Рае.**
*(«Шапсугские корни в ономастике, топонимике в верховьях Кубани» щIэныгъэ лэжьыгъэм къыхэтхащ).*

# Дыхуейкъым зауэ!

Зауэ... ЩыIэкъым мы псалъэм нэхърэ нэхъ дыдж. Адыгэ лъэпкъым куэд и нэгу щIэкIащ, зэпичащ гугъуехь Iэджи, Кавказым куэдрэ къращIэкIауэ щытащ лъыгъажэ зауэхэр. Пащтыхьыр хуейт ди жэнэт щIыналъэр иубыдыну. Ауэ илъагъуну хуейтэкъым бгырысхэр, псом хуэмыдэу, адыгэхэр.

И щхьэхуитыныгъэр псом япэ изыгъэщ лъэпкъ пагэр теувэн хуей хъуащ Истамбыл гъуэгум. Абыхэм языныкъуэхэр зэтраукIащ, куэдыщэ хы ФIыцIэм хэкIуэдащ, нэхъыбэжи уз зэрыцIалэ къайуалIэри ихьащ. Къэнэжар хэхэсу хамэ къэрал 50-м щIигъум щокIуэдыж.

Куэд ирагъэшэчащ адыгэ щIыгум, ар нэпскIэ псыхьащ.

Илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIащ адыгэхэм лъапсэрых къахуэзыхьа Кавказ зауэр. Ар зауэхэм я нэхъ кIыхь дыдэу, нэхъ зэрыпхъуакIуэ дыдэу щытащ. Тхыдэтххэм къызэралъытэмкIэ, зауэм хэкIуэдам нэмыщIу, адэжь хэкур ирагъэбгынащ ди лъэпкъым и процент бгъущIым. Адэжь щIыналъэм къинэжар Iыхьэ пщIанэращ. Адыгэхэр зытекIуэдар я хэкум и хуитыныгъэрщ.

Дэ, щIалэгъуалэм зэи зыщыдгъэгъупщэкъым ди лъэпкъыр кIуэдыкIей зэрыхъуар. Ди къалэнщ къарууэ диIэр ди лъэпкъыр егъэфIэкIуэным хуэдунэтIыну. Дэ дефIэкIуэнущ ди хэкур щIэращIэмэ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм дадекIуу дыпсэумэ, мамырыгъэр, ныбжьэгъугъэр ди плъапIэмэ!

Ирокъу ди лъэпкъым нэщIэбжьэу илъэгъуар. Дыхуейкъым зауэ!




**КIЭДЭКIУЕЙ Рэхьмэт,**
*ПсэукIэ-Дахэ дэт курыт еджапIэм и «Сэтэней» гупжьейм хэтщ.*

# ТРАМЭ И КЪУЭМ И ТХЬЭУСЫХЭ
## *(Хьэжрэт гъыбзэжь)*

**Къэхьырмэн гущэм Iуащхьэр къеубэри,**
**Шыбзыбэ гущэм пхъащхьэр пагъэщыр,**
**Ар езы гущэр хэтхэ ящыщ жыпIэмэ,**
**уо-уо-уой, зиунагъуэрэ,**
**ХьэтIохъущокъуэкIэ щIалэ хужь пагуи.**
**Ежьу: Уана-рира, рирара, уо-уо, райрэ,**
**Уой, нарира, рирара, райрэ!**
**Уой-уа-райдэрэ, уареда, уа-уай, райдэ!**
**Уай, дыкъалъхури дыкIуэдыжа мыгъуи!**

**Мэсейуэ си хьэзыр тIощIыр**
**фоч гъуэзым къысхуегъэуфIыцI,**
**Ерыжыбурэ си фоч фIыцIэжьыр**
**джаур сотнэм ятызоунащIэ.**
**Дыкъалъхури дыкIуэдыжа мыгъуи!**

**АдрыщIым сызэпрыплъмэ,**
**ныбжьыщIэри щызэбграш,**
**Ар фочыпэри уэр щызэхашиекIэ,**
**уэркъ щауэхэр псэ емыблэжщ.**
**Дыкъалъхури дыкIуэдыжа мыгъуи!**

**Шым и фащэм шыбгыр къеухуэ,**
**Зеухуэри мэзым щIохьэж,**
**Ар езы гущэри хэтхэ ящыщ жыпIэм,**
**Трамэ и къуэкIэ Къэрэбатырщ.**
**Дыкъалъхури дыкIуэдыжа мыгъуи!**

**Зи шыпхъу хьэдэр зи зэпэбаш,**
**Зи къуэш хьэдэр зи щIыбырыхь,**
**Езыр хэтхэ ящыщ жыпIэм,**
**Трамэ и къуэкIэ Къэрэбатырщ.**
**Дыкъалъхури дыкIуэдыжа мыгъуи!**

**Къэбэрдейм фи щIалэгъуалэр**
**а махуэм къытхузэрошхыр,**
**Беслъэнейм фи пщыжь гъэшхар**
**Iуащхьэ къуагъым къытхукъуэвгъэкI.**
**Дыкъалъхури дыкIуэдыжа мыгъуи!**

**Къэсейхэ ФатIимэт гуащэм**
**шэджагъуакIуэ дэ къытхуимыкIу,**
**Лъэс кIуэнкIэ дызыщIэмыхьэжыр**
**Нартбейхэ Гуащэхъурейщ.**
**Дыкъалъхури дыкIуэдыжа мыгъуи!**

КъБР

# Ди адэжьхэр щIэзэуар щIэблэм я мамырыгъэрщ



**Сыт Кавказ зауэр къэхъеиным щхьэусыгъуэ хуэхъуар? Дауэ зэрызиубгъуар? Сыт хуэдэу ди лъэпкъыр абы къызэрыхэщыр? А псом теухуа и гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м этнологиемрэ КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэмкIэ, журналистикэмкIэ кафедрэм и унафэщI ТекIуий Мадинэ. Абы и псалъэм щIэдзапIэ хуэхъуащ зауэм ипэжыпIэкIэ узэреджэн хуей фIэщыгъэм теухуа гупсысэр.**

- «УРЫС-Кавказ зауэм» нэхърэ, «Кавказ зауэ» жыпIэныр нэхъ тэмэму къызолъытэ, - жеIэ Мадинэ. - Мыбдеж къыхэгъэщхьэхукIыпхъэр зэныкъуэкъу зи яку къыдэхъуа лъэныкъуэхэракъым, атIэ ар щекIуэкIа щыпIэрщ. ЕтIуанэрауэ, Урысеймрэ Кавказымрэ къищынэмыщIа, абы я Iуэху къыхалъхьащ нэгъуэщI къэралхэми: Тыркум, Великобританием, Ираным.

- **Мадинэ, зауэр къызэрыхъея щIыкIэм, зэрызиубгъуам и гугъу къытхуэпщIамэ, ди гуапэт.**

- Зауэр махуэ пыухыкIа гуэрым къэхъеякъым. АтIэ хуэмхуэмурэ, кIуатэм къызэщIэрыуэурэ зыкъызэщIищIащ. Зауэр къыщыхъея зэману убж хъунур Урысейм Мэздэгу быдапIэр къэбэрдеищIым щрищIыхьарщ. Къэбэрдейм быдапIэ щыбухуэныр лъэпкъым и дежкIэ хабзэтэкъыми, а Iуэхум адыгэхэр къигъэуIэбжьащ, игъэгубжьащ. Урыс пащтыхьыгъуэм хьилагъэ хэлът: адыгэ лъэпкъым щыщхэр я лъэныкъуэ ящIын папщIэ, абыхэм къащхьэщыж хуэдэу защIырт, я дзыхь кърагъэзыным иужь итт. Абы къыхэкIыу, зауэ емыкIуэкI хуэдэу гупсысэ нэпцI гуэрхэри щыIэт. Урысей унафэр къабыл зымыщI адыгэ «жыIэмыдаIуэхэм» яхуэгъэза зауэ гущIэгъуншэр яубла хъуащ. Зауэ лыгъейр зыхуэгъэза адыгэ щхьэмыгъазэхэр губжьащ икIи езыхэми, гупгуп зэрыгъэхъуурэ, урысхэм ятеуэныр ирагъэжьащ.

Урыс властыр IэмалыщIэхэм хуекIуэрт - Кавказым ис лъэпкъхэм тхьэрыIуэ ирагъэщIу щIадзащ Урысейм хуэпэжынымкIэ. Уэркъхэм щхьэхуэу, къэрэхьэлъкъым щхьэхуэу тхьэ ирагъаIуэрт. Абы щхьэкIи зауэр къызэтеувыIэртэкъым. Сыт абыкIэ мураду яIар? Урысхэр ягъэшынэу, быдапIэ ухуэныр кърагъэгъэувыIэну арат. Пщыхэмрэ уэркъхэмрэт абы щыгъуэ нэхъыбэу зауэм Iутыр, къэрэхьэлъкъыр хыхьащэртэкъым. Нэхъ иужьыIуэкIэщ псори зэкъуэту щызэуар.

1790 гъэм урысхэр иужь ихьащ ди щIыналъэм суд реформэхэр щрагъэкIуэкIыну. Адыгэ лъэпкъым и хабзэм къыпэщIэуэ Iуэхугъуэт абы къыхалъхьэхэр. Псалъэм папщIэ, лъыщIэж хабзэр. Абы тету зыукIаIам и хеящIэр Урысейм къызэригъэувым хуэдэу ящIэну ятрикъузэрт. Е Iэщ къэдыгъуныр... Ар лъэпкъым лIыхъужьыгъэ къызэрагъэлъагъуэ хабзэу къадэгъуэгурыкIуэртэкъэ?! Зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж уэркъхэр а зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ, дауи, арэзытэкъым.

ЗыкъызэщIищIэм, ин хъум, къэлыдмэ, тесабырэжмэ, аргуэруи къызэщIэрыуэжурэ екIуэкIырт зауэр. Пшынэр зэгуэпшыху и макъыр нэхъ ин хъууэ, нэхъ жьгъырууэ Iууэ щыткъэ?! Абы ещхьт мафIэ лыгъэм щIыналъэр зэрызэрипхъуэр.

Ермоловыр Кавказым къагъэкIуа нэужь, зауэр нэхъри къызэщIэрыуащ. Кавказым ис лъэпкъхэм я зэуэкIэ-гупсысэкIэм кIэлъыплъа нэужь, абы я тIасхъапIэр къищIэри, теуэ зэуэкIэр къезыгъэжьахэм езым къызэригъэпэща «летучие отряды» жыхуиIэр яриуштащ. Сыт хуэдэ Iэмал гущIэгъуншэри къигъэсэбэпырт Ермоловым, Урысейм зиубгъун папщIэ. Абы лъэгущIэт зыхуэзыщIын зымыдэ «жыIэмыдаIуэхэр» зэрыщIригъэгъуэжын Iэмалым хуекIуащ: къуажэхэм къыдэнэ сабийхэр, жьыкIэфэкIэр, бзылъхугъэхэр зэтриукIэу щIидзащ.

1827 гъэм ПIалъэкIэ щыIа къэбэрдей судыр яухуэ. Тхыдэджхэм къалъытэ абдеж зауэм и зы Iыхьэр иухауэ щытауэ, сыту жыпIэмэ, Къэбэрдейр абы и ужькIэ щхьэхуиту убж хъужынутэкъым. Судым и мардэхэм къагъэувыIэрт атэлыкъ хабзэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ягъэкIащхъэрт, Кавказым ис лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэхэр зэкIэрачырт. ЩызэрымыщIэкIи, нэхъ махэ хъурт. Урысей пащтыхьыгъуэм къигъэсэбэпащ «зэкъуэчи - унафэ яхуэщI» политикэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр.

- **Ди лъэпкъэгъухэм Хэкур щабгынэм сыту пIэрэт зэгупсысар?**

- Хэкур зыбгынахэм абы къинэну Iэмал мащIэ гуэри яIауэ си гугъэщ. Щхьэхуитыныгъэм и мыхьэнэр нэсу къагурымыIуарэт е пагагъэм къыхэкIыу «ди щхьэр дымыгъэщхъыу, ди щIыб къыфхуэдгъазэмэ нэхъыфIкъэ» жыхуаIэу гупсысэрэт... Хэкури яфIэкIуэдащ, щхьэхуитыныгъэ бэлыхьи яIэжакъым. Гъуэгум текIуэдахэм, хы Iуфэм шхын щхьэкIэ IулIыхьахэм, узымрэ гуауэмрэ ихьыжахэм я бжыгъэр къыпхуэлъытэнкъым. Нэхъ шынагъуэ дыдэу къытщыщIынкIэ хъунур къэхъуащ - лъэпкъым щыщу къэна мащIэри дунеижьым щикъухьа хъуащ. Щхьэж зыщыпсэу къэралым и цIыхухэм - тыркухэм, урысхэм, хьэрыпхэм - я хьэл-щэным, я хабзэхэм щыщ гуэрхэр, хуей-хуэмейми, яхэпщащ. Бзэри нэсу яIуры-лъыжкъым.

- **Ди тхыдэр къызыхэщыж художественнэ тхыгъэхэм ящыщу ущыгъуэзэну сыт хуэдэр нэхъ тегъэщIапIэ пщIы хъуну?**

- Художественнэ литературэм Кавказ зауэм и тхыдэр къызэрыхэщыжым и гугъу пщIымэ, ар епхащ Пушкин, Лермонтов, Толстой сымэ я цIэхэм. Къэлъытэн хуейщ ахэр зыщыщ лъэпкъым и лъэныкъуэкIэ тхыдэм къызэрыхэплъари. ИтIани, Кавказым ис лъэпкъхэм я хьэлщэным гуакIуагъэу хэлъыр, лIыхъужьыгъэ зэрызэрахьэфыр, зэрыцIыху уардэхэр я тхыгъэхэм къыщагъэлъэгъуащ. Ди щIыналъэ литературэм щыщу къыхэгъэщыпхъэщ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романыр.

- **Тхыдэр щIэблэм - школакIуэхэмрэ студентхэмрэ - зэрыбгъэдэлъхьэн хуейм и IуэхукIэ сыт нэхъ лэжьыпхъэр? Уэ ебгъаджэ щIалэгъуалэм дауэ зыхащIэрэ ди блэкIар?**

- Школым щегъэджын хуейщ лъэпкъ тхыдэр. Нэгъэсауэ, кууу. ЗацIыхужу къыдэгъэкIуэтеин хуейщ ди щIэблэр. И пэжыпIэкIэ блэкIар школакIуэм бгъэдэлъхьа зэрыхъунур зэлъытар егъэджакIуэращ. Егъэлеиныгъэ жыхуэтIэр къыхэбгъэхьэнкIэ Iэмал зимыIэщ.

Студентхэм яхэтщ набдзэгубдзаплъэу тхыдэр зыджхэр, лъэпкъым и блэкIам щыгъуазэ зыхуащIыну зи гур пхъэрхэр. Уеблэмэ зы щIэдзапIэ, Iуэхум хэзышэ хъыбар кIапэ захебгъэхмэ, езыхэр гупсысэ лъагъуэм тоувэри, тхыдэм и къэгъэшыпIэхэр зэпащIэж. Ауэ абы щхьэкIэ, студентыр гурыхуэу, щIэныгъэм хуеIэу щытыпхъэщ.

- **БлэкIам и нэпкъыжьэ къызытена лъэпкъым дауэ зигъэбыдэну**...

- Пащтыхьыгъуэм и гущIэгъуншагъэм щхьэкIэ иджыпсту урыс лъэпкъыр бгъэкъуаншэ хъунукъым. Губжьым фIым ухуишэнукъым, лъэпкъым и къэкIуэнум фIы гуэр щхьэж зэрыхэтлъхьэным иужь дитын хуейщ. Лъэпкъ IэщIагъэхэр, макъамэр, литературэр, театрыр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр къэгъэщIэрэщIэжыпхъэщ. Ди адэжьхэр щIэзэуар щIэблэм я мамырыгъэрщ. Иджыпсту куэдым я гугъэщ лъэпкъ ныпыр пIыгъ къудейкIэ адыгэгу ухъуу. Ауэ IуэхуфI блэжьынырщ псом я щхьэр.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ**.
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# ИстамбылакIуэм дызэрызэбгридзар

**Хьэтхэм къатехъукIыжауэ, адыгэ лъэпкъ уардэр тенджыз ФIыцIэ Iуфэмрэ Джылахъстэнеймрэ я зэхуакум дэлъ щIыналъэм къэралыгъуэшхуэу щыпсэуащ илъэс мин бжыгъэкIэ. Адыгэ лъэпкъым и процент 95-р Урыс-Кавказ зауэжьым ихьауэ щыташ, зэтраукIами псэууэ къэнахэм ящыщ куэд дыдэ Хэкум залымыгъэкIэ ирашами. Абы и пэ къиухуэу Адыгэ Хэкум цIыху мелуани 2 щыпсэуащ. 1763 - 1864 гъэхэм къриубыдэу ди лъэпэгъу мелуан 1,5-рэ яукIащ, ирашащ е емынэмрэ таломрэ яхьащ. Гуауэ зэрытщыхъущи, ираша адыгэр псори Тыркум нэсакъым: гъуэгу тету уз зэрыцIалэхэр къахыхьэри, абы илIыкIащ, тенджызым щIилъэфа кхъухьхэм исахэри мин бжыгъэкIэщ къызэрабжыр.**

НОБЭ ди лъэпкъэгъуу дунейм тетым я бжыгъэм ущIэупщIэмэ, къэпщытэныгъэхэм къагъэлъагъуэр зэхуэдэкъым, ауэ нэхъыбэм жаIэр цIыху мелуани 3,5-рэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар пэжькъым, Тыркум и закъуэ адыгэу мелуани 7,5-рэ зэрыщыпсэур къэплъытэмэ.

Адыгэу дунейм текъухьахэр зыхуэдизыр зэгъэщIэным теухуауэ иужьу (2021 гъэм) ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къагъэлъагъуэ:

Тыркум - мелуан 1,5-рэ.
Урысей Федерацэм - 751487-рэ *(Къэбэрдей-Балъкъэрым - 529747-рэ,*
*Адыгейм - 111677-рэ,*
*Къэрэшей-Шэрджэсым - 579463-рэ,*
*Краснодар крайм - 19491-рэ,*
*Ставрополь крайм - 9779-рэ,*
*Москва къалэм - 4093-рэ,*
*Осетие Ищхъэрэм - 2389-рэ),*
Иорданием - 270000-рэ,
Сирием - 75000-рэ,
Ираным - 44000-рэ,
Ливием - 30000-рэ,
Сауд Хьэрыпым - 29000,
Германием - 16000-рэ,
Мысырым - 13000-рэ,
США-м – 13200-рэ,
Палестинэм - 4700-рэ,
Израилым - 3400-рэ,
Сербием - 2100-рэ,
Узбекистаным - 1900-рэ,
Украинэм - 1000,
Австралием - 1000,
Болгарием - 500,
Мадагаскарым - 190-рэ.

Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм зи Хэкум ираша мухьэжырхэмрэ Мысырым 1390 - 1517 гъэхэм тепщэгъуэр щызыIыгъа адыгэ мамлюкхэм я щIэблэмрэ «адыгэ» (черкес) хужаIэу щыIэщ хамэ къэралхэм. Урысейм и щIыналъи 6-м нэхъ зэуIуу щопсэу адыгэхэр: Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием (Мэздэгу щIыналъэм).

ЩIэныгъэлIхэм къраIуэ бжыгъэхэм дзыхь хуамыщIу, езырезыру къэпщытэныгъэхэр езыгъэкIуэкI щIалэгъуалэ жыджэрхэр диIэщ, ди гуапэ зэрыхъунщи. Абыхэм къахутари ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуахэм фIыуэ къащхьэщIокI.

Пшахъуэр къигъэсэбэпурэ сурэт зыщI ГъукIэпщокъуэ Щауэмыр илъэс зыбжанэ хъуауэ къызэхекIухь ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу хамэ къэралхэр икIи Европэм, Африкэм, КъухьэпIэмкIэ щыIэ адыгэхэм яIуощIэ. «Си лъэпкъым и бжыгъэр зэрагъэмащIэр, адыгэр лъэпкъ мащIэхэм дызэрыхабжэр си гум идэркъым. ЩIэныгъэр зи гъуазэхэм я пщIыхь къыхэхуэххэркъым дэ мелуани 10 дызэрыхъур!», - жеIэ Щауэмыр.

Адыгэу дунейм тетыр зы щIыналъэ щыпсэуну зэхуэсыжауэ ди нэгу къыщIэдгъэхьэнщ зы дакъикъэкIи, Европэм и къэралыгъуэ куэдым исым нэхърэ нэхъыбэ дыхъуу дыпсэунут. Псалъэм папщIэ, Швейцарием цIыху мелуани 8,3-рэ щыIэу аращ. Болгарием, цIыху мелуани 7,2-рэ, Сербием - мелуани 7,1-рэ, Латвием, Литвам, Эстонием зэхэту - мелуани 6,2-рэ, Данием - мелуани 5,7-рэ, Финляндием - мелуани 5,5-рэ, Норвегием - мелуани 5,2-рэ, Ирландием - мелуани 4,6-рэ, Монголием - мелуани 2,9-рэ. ЗэрытщIэщи, абыхэм ящыщ дэтхэнэри зыми емылъытауэ, экономикэ щхьэхуэ яIэу, заужьауэ апхуэдэщ. Уеблэмэ, къалъхур щыкуэд Таджикистаным, Къыргъызым, Тыркумэным, языныкъуэ хьэрып къэралыгъуэхэм щыпсэуркъым апхуэдиз.

«Мелуани 10 хъу лъэпкъым нэмыплъ ептыныр тэмэмкъым. А мел-уани 10-м сыт хуэдиз политик, дзэпщ, щэнхабзэмрэ бзэмрэ я лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, IэщIагъэлI яхэт?! Адыгэм Иордание пащтыхьыгъуэм къыщыхуащI пщIэмрэ щIыхьымрэ сыт и уасэ!» - пещэ ГъукIэпщокъуэм.

**ФЫРЭ Анфисэ**.

# Шэрджэс пщащэ Жаннет

(Хъыбар)

УРЫС-КАВКАЗ зауэм и гуащIэгъуэт, бийм гущIэгъуншэу адыгэ къуажэхэр ягъэсырт. Апхуэдэ Iуэхухэм ящыщ зым полковник Малышевскэм и Iэблэм фочышэ къытохуэ. Гупым къахэуэр илъэс 12-м ит адыгэ хъыджэбз цIыкIут. Абы пкIэунэм зыщигъэпщкIуауэ дамэдазэ гуэрым къыдэукIырт. Хъыджэбз цIыкIум шэхэр къыхуишийуэ къыбгъэдэст илъэсипщIым ит и дэлъхур. Ахэр зылъэгъуа полковникым унафэ ещI тIури псэууэ къаубыдыну. ЩIалэ цIыкIур, губгъуэ бжэным хуэдэу, зы унащхьэм илъым, адрейм лъэурэ яIэщIэкIри щIэпхъуэжащ, ауэ и шыпхъур къаубыдащ. Ар мэз джэдум хуэдэу емылыджт, яIэщIэкIыжыну хэту зауэлIхэм ядэфыщIейрт. Джанэ щыгъыр, уигъэгужьейуэ лъы защIэт, хъыджэбзым уIэгъэ телъу къахуэгъуэтакъым (уIэгъэ хъуа гуэрым дэIэпыкъуауэ хуагъэфэщащ). Полковникым и унафэкIэ хъыджэбз цIыкIур япэ щIыкIэ къутырым яшащ, итIанэ, полковникым и щхьэгъусэр арэзы хъумэ, пщащэ тхьэIухудыр пхъуууэ къащтэну я унэ ишащ.

Наталье Сергеевнэ арэзыпсу хъыджэбзыр япIыну къащтэ. Пщащэ цIыкIур Iэнкунт, хамэбзэкIэ къепсалъэхэм ящышынэ къыщIэкIынти гъырт. Зи адэ-анэр зыфIэкIуэда пщащэ цIыкIум Наталье Сергеевнэ игу щIэгъурти, зришалIэурэ гуапэу IэплIэ хуищIырт.

Апхуэдэурэ махуэ зыбжанэ кIуащ. Наталье пхъу ищIар игъэпскIащ, щыгъыныщIэкIэ ихуэпащ, и щхьэцыр екIуу хузэригъэзэхуащ, зыгуэрурэ и цIэри къищIащ - Жэнэт. Ар бзылъхугъэм «Жаннет» цIэм иригъэщхьри, абыкIэ еджэн щIидзащ, иужькIи а цIэм къытенащ.

Жаннет къыпхуэмыцIыхужыну хъыджэбз дахэ къищIыкIат. ИтIанэ еджэфу тхэфу ирагъэсащ. Хъыджэбз цIыкIур мызэшын папщIэ дэрбзэр IэщIагъэм хуагъэсащ, унагъуэр зыхуей хьэпшып цIыкIу гуэрхэр ирагъэдурэ. Сыт хуэдиз фIыгъуэм хэсми, абы зэи и унагъуэр игу ихуртэкъым, махуэр зи кIыхьагъым егупсысырт, жэщым нэху щыху абыхэм епщIыхьырт.

Жаннет къызэрымыкIуэу дихьэхырт цIыхухъу Iэщэ-фащэхэм. «И адэ» Ипполит Петрович пщIантIэм къызэрыдыхьэжу, Iуэхуу иIэр къигъанэрти, абы и деж щIэжырт, шым телъэщIыхьырт, уанэр къытрихыжырти, Iус иритырт. ИтIанэ езыр шэсырти, шыр псафэ ишэрт. Уеблэмэ и фочри щыхуилъэщI щыIэт.

Жаннет хъыджэбз гурыхуэт, и «анэм» къыжриIэу хъуар зэригъащIэрт, зыхилъхьэрт. Ар щагъэгъуазэрт урысхэм я хабзэм, зэхэтыкIэм. ТхакIуэ цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкI къыхэхахэм ирагъаджэрт, макъамэм, щэнхабзэм, гъуазджэм хагъэгъуазэрт. Жаннет гугъу демыхьыщэу пианинэ еуэкIи зэригъэщIат. Ипполит Петровичрэ Наталье Сергеевнэрэ щыгуфIыкIырт тегушхуэу къащта хъыджэбзыр зэрыгубзыгъэм, зэрыакъыл жаным, зэрыщIыкIафIэм, уеблэмэ загъэщIэгъуэжу ирипагэрт.

Зэманыр псынщIэрыкIуэщ. Жаннет и ныбжьыр илъэс 14-м щрикъуам и теплъэкIи, цIыху хэтыкIэкIи, зыIыгъыкIэкIи зыдэс къутырым къахэщт. Ар къамылыфэт, и щхьэцыгъуэр и бгым фIэкIырт. ЖыпIэнуракъэ, а щIыпIэм щыпсэу щIалэхэм ящыщу куэд Жаннет къеплъакIуэрт.

* * *

ЗЭГУЭРЫМ Абдул ефэндыр гъэру къахуащ. Абы куэд щIауэ урысхэр къигъапцIэрт: я щэхур и ныбжьэгъу шэрджэсхэм яхуихьырт, мыдрейуэ бийм «ныбжьэгъу» захуищIауэ шэрджэсхэм я Iуэхур зэдзэкIауэ урысхэм яIуридзэжырт, фитIнэ жыхуаIэм хуэдэт. Ар къащIэри Абдул ефэндыр яубыдауэ арат. Абы и Iэхэр быдэу пхат, пхъафэм хуэдэу къурэ хъуа и джанэр лъы защIэт. Ауэ щыхъукIи, и щхьэр лъагэу Iэтауэ, зыри къримыдзэ хуэдэ кIуэрт.

Ипполит Петрович гъэрыр я унэ къыхуашэну унафэ ищIащ (абы Абдул ефэндыр куэд щIауэ ицIыхурт). ЛIыжьым и уIэгъэхэр хуатхьэщIащ, хуапхащ, ягъэшхащ.

Жаннет и гур къилъэту зэпиплъыхьырт жьакIэ фIыцIэ зытет «хьэщIэр». Дауи, абы къыгурыIуат гъэрыр зэрыадыгэр, ауэ епсэлъэну дзыхь ищIыртэкъым.

Абдул а унагъуэм щIэх дыдэу яхэсыхьащ. Ар цIыху гушыIэрейуэ, хъыбарыбзэу къыщIэкIат. Абы и урысыбзэ мащIэр хурикъурт сыт хуэдэ Iуэхугъуэри къиIуэтэжыну. Абдул Жаннет адыгэбзэкIэ къепсалъэрт, къыдэгушыIэрт, игъэдыхьэшхырт. Езыр жьэкIэ пшынэ еуэурэ къафэрт, джэгурт.

Зэщхьэгъусэхэм я пхъур ныщхьэбэ хуэдэу нэщхъыфIэу зэи ялъэгъуатэкъыми, абыхэм Абдул фIыщIэшхуэ хуащIырт. ПщыхьэщхьэхуэкIуэ щыхъум, Жаннетрэ Абдулрэ зыкъомрэ адыгэбзэкIэ зэпсэлъащ, Алыхьым ещIэ а тIур зытепсэлъыхьар... Феплъыт адэкIэ къэхъум.

* * *

Абдул ефэндыр жэщым щэхуу къыщIокIри, станицэм къыдокIуэсыкI. Жаннет шым уанэ трелъхьэ, мэшэсри, дыгъуэпшыхь зэраухылIа псы Iуфэм Абдул щыIуощIэ. Жаннет Iэ сэмэгумкIэ шхуэмылакIэр шэщIауэ иIыгът, Iэ ижьым кIэрахъуэ гъэпкIа IэщIэлът.

- Уи пщэдджыжь фIыуэ губгъуэ тхьэрыкъуэ цIыкIу, - ефэндыр пщащэм къыпожьэри шхуэIур еубыд. - Епсыхи, уанэр фIыуэ щIэзгъэкъузэж». Кърегъэпсыхри, езым шым зытредзэ.

- Плъагъурэ дахэ Iуэхур зэрыхъу... Уэ уIуэхукъым, хъумэ, иужькIэ сыкъыпкIэлъыкIуэжынщ. Сэ сопIащIэ, узыншэу! - шым йолъэдэкъауэри зреч, напIэзыпIэм ар нэхущым хокIуасэ.

Абдул ефэндым заримыгъэубыдыжын и гугъэу къэзакъхэм япэщIэтами, къикIа щыIэкъым. Ар полковникым щызэхихым и гур нэхъ псэхужащ. Ауэ зэщхьэгъусэхэм ягу къеуэр нэгъуэщIт. Апхуэдизу зыхуей хуагъазэ, зыхуэгуапэ, ягу зыкIэрыпщIа хъыджэбз цIыкIур щIэпхъуэжыну игу щIрилъхьар яхузэгъэзахуэртэкъым тIуми.

Жаннет и Iуэхур зэрымыщIагъуэр къыгурыIуэнтэкъэ? КъыгурыIуэрт, арат гъыуэ и пэшым щIыщIэсыр.

Жаннет зэрыт щытыкIэм кърашыну, трагъэун мурад яIэу Наталье Сергеевнэ и гъусэу Тифлис ягъэкIуащ. Шэч хэмылъу, абыхэм загъэпсэхуащ, я нэгу зрагъэужьащ. Шэрджэс пщащэ тхьэIухудым куэд ныбжьэгъу къыхуэхъуат. ЦIыху хыхьэмэ, и зыIыгъыкIэм, Iэдэбагъым, псэлъэкIэм, гъэсэныгъэм куэд дихьэхырт.

* * *

ИППОЛИТ Петрович зауэ къулыкъур щиухым, генерал-майор къыфIещри унагъуэр Урысейм и къалэ жыжьэ гуэрым Iэпхъуэжащ. Дауи, абыхэм ягу къеуэрт Кавказыр зэрабгынэр, зэи я гум имыхуну бгырыс Iэлхэр, ауэ щыхъукIи, къызэрымкIуэу пэжхэр, я щхьэхуитыныгъэм, хэкум папщIэ зи псэр зытыну хьэзырхэр. Ахэр здэIэпхъуэжа къалэр шынагъуэншэщ, тыншыпIэщ, псом нэхъыщхьэращи, я атэлыкъ хъыджэбзым ягу ирихь щауэ къыщыхуалъыхъуэнущ.

Зэщхьэгъусэхэр я хъыджэбз гъэфIэным хухэплъыхьырт. Дауи, абыхэм малъхъэ къулей, къулыкъу зиIэт къалъыхъуэр.

Наталье «и пхъум» и пщэм ирилъхьат налкъуткIэ гъэщIэрэщIа жор. Ар хуейт шэрджэс пщащэм чыристан дин къызэрищтар хэIущIыIу ищIыну. Абы дэнэ щищIэнт, и диныр иригъэхъуэжами, и адыгэгум зыри зэрыхуемыщIар. Жаннет фIыгъуэм хэсу псэуми, а зыхэтыр абы зэримыдунейр, зэримыгъащIэр къыгурыIуэрт. Абы а «дунейр» фIыуэ хуэлъагъуртэкъыми, зэныкъуэкъуж зэпытт... А узыр зыкIи хуэмыгъэхъужу пкърытт адыгэ пщащэм. Абы ищIэрт псом нэхъ хущхъуэфIыр - адэжь лъахэр зэрыарар. Адыгэ пщащэм хэкужьым и къарур, абы кърит гушхуэныгъэр зыпищI щыIэтэкъым. Ар зыхэт щIалэгъуалэм я зыщIыкIэм, гупсысэкIэм, дуней тетыкIэм игу иримыхь куэд хэлът. Хъыджэбзхэр Iуэхуншэ защIэ хъужрэ Iэпэ задэти зыхащIыкI мы дунейм теттэкъым. ЩIалэхэращи, хуэмыху защIэхэт. Пэжщ, абыхэм дахэу загъэфэрыщI, зыкърах, ауэ надэ защIэщ.

* * *

АПХУЭДЭУРЭ мазэ зыбжанэ дэкIауэ, Ипполит Петрович Кавказым къикIыу письмо къыхуатхащ: «Уи ныбжьэгъу генералымрэ и фызымрэ яукIри, я сабий илъэсищ фIэкIа мыхъур зеиншэу къэнащ»-псалъэхэр иту. Генералым хъыбар гуауэр гущIыхьэ щыхъуащ, икIи, куэдрэ мыгупсысэу, щIалэ цIыкIур я унэ къригъэшащ. Ар къэзышар къэзакъ зауэлI Матвейт. Абы адыгэ фащэ дахэ щыгът, щIалэ къекIут, теплъафIэт. Генералым шы фIыуэ илъагъурти, куэд щIауэ къилъыхъуэрт ар зезыхьэн. Матвей шыкIэ IэкIуэлъакIуэу генералым къыщищIэм, я деж къигъэнащ ишхэм кIэлъигъэплъыну. Абы шы мыгъасэ, емылыдж гуэр иIэти, ар щIалэм игъэсэну и къалэнт.

ЩIалэм шыр къыщIешри, мэшэс, шыр йотхауэ, фIалъэ лъакъуитIыр еIэтри кIэбдзхэмкIэ мэув, тесыр къызэтридзыну хузэфIэкI къигъанэркъым. АрщхьэкIэ, Матвей шхуэIур быдэу иIыгъщи, шыплIэм къимыхуу тесщ. А къэхъу псоми Жаннет гузавэу щхьэгъубжэмкIэ кIэлъоплъ. Матвейрэ шымрэ зэрытегъакIуэркъым. Сытми, зы зэман шыр йозэшри, кIэбдз лъакъуитIымкIэ йотIысэх. Жаннет гуфIэу долъей. ЗэрыгуфIар дауэ Матвей къригъэщIэну? И



щхьэгъубжащхьэм тет удз гъэгъам щыщ къудамэ хуридзыхыну игу къокI, апхуэдэуи ещI. Матвей абы гу лъимытэу къэнакъым, ауэ гъэгъар къызыдадза щхьэгъубжэри къыдэзыдзари къыгурыIуакъым. Ауэ ар игу ирихьа хъыджэбзыр арауэ хуигъэфэщащ.

Матвей и фащэ нэхъыфIымкIэ зыкъихуапэри, генералым хуей хуэдэ, хъыджэбзыр зыщIэс пэшым щIыхьащ. ЩIалэ бгы псыгъуэм и сэмэгурабгъумIэ къамэрэ сэшхуэрэ кIэрыщIащ, ижьырабгъумкIэ кIэрахъуэ кIэрылъщ. Жаннет къэIэубжьауэ абы бгъэдэкIуатэри, адыгэбзэ къабзэкIэ еупщIащ:

- Матвей, уэ у-адыгэ?

- Си анэр адыгэщ, си адэр къэзакъщ, - адыгэбзэ къабзэкIэ жэуап къетыж мыдрейми. Жаннет и Iыхьлы гуэр къигъуэтыжа хуэдэ щIалэм щыгуфIыкIырти, зимыгъэнщIу зэпиплъыхьырт.

- Сэ сощIэ, къэзакъхэри адыгэхэм хуэдэу - фышыуейщ, фыIэщакIуэщ - и адыгэ къамэм тоIэбэ.- Саут хэлъщ, - Матвей гъунэгъу къыхуэхъуа хъыджэбзым и дахагъэм зыщимыгъэнщIу зэпиплъыхьырт.

- Матвей, уэ щхьэгъусэ уиIэ?- къызэрыжьэдэлъэтар къыгурымыIуэжу хъыджэбзым жиIэри, укIытэжащ. ЩIалэм Iэнкуну:

- Хьэуэ... уэ генералщ пхуэфащэр,- жи.

- Ауэ жыхуэпIэхэм сатеплъэну сыхуейкъым сэ!

- АтIэ къэзакъ зауэлI нэхъ къапщтэу ара?

- Матвей, зэгъусэу дыщIэгъэпхъуэж. Сэ Iэджэ щIауэ сыщIэпхъуэжыну сигу илъщ. Хъыджэбзым и мурадхэр къанэ щымыIэу хуиIуэтащ къэзакъым. ЩIалэм къыгурыIуащ Жаннет и хэкум игъэзэжын папщIэ, фIыуэ имылъагъум дэкIуэну, и хуитыныгъэм и насыпыр щхьэузыхь хуищIыну зэрыхьэзырыр.

Хъыджэбзыр къэзакъ щIалэм зэрегуэкIуар къыщищIэм дауи, генералыр губжьащ икIи ар Жаннет хуамыгъэзэну унафэ быдэ ищIащ.

- Наталье, мы къэзакъым ди мурадхэр зэтрикъутэнкIэ хуэIуа щыIэкъым. Абы дэкIуасэм дыкъэсыжакъэ - хуэтхьэусыхэрт Ипполит Петрович и щхьэгъусэм.

- Ипполит, къэзакъыр къыздикIам гъэкIуэж, зэман дэкIмэ, тIуми ягу илъыр ящыгъупщэжынущи, дэ дызыхуей щIалэм хуэдэ хъыджэбзым къыхуэдгъуэтыжынщи, зэфIэкIащ,- еущиерт бзылъхугъэр и щхьэгъусэм.

Къэзакъ щIалэр хуэзэну къызэрыпаубыдрэ Жаннет яхуэшхэртэкъым. «Сышхэну фыхуеймэ, Матвей къысхущIевгъэхьэ», - жиIэрти, хуахьыр къыщIригъэхыжырт.

Апхуэдэурэ Жаннет сымаджэ мэхъу. ЯщIэнур ямыщIэу зэщхьэгъусэхэр мэгузавэ, хэкIыпIэ къалъыхъуэ. «Бгырыс бзылъхугъэм щалъхуа лъахэр пхущыгъэгъупщэнукъым. Ар хьэкъщ. Матвей мыбеижьми хуэмыхукъым, хъыджэбзыр игъэпсэуфынущ»,- жаIэри зэщхьэгъусэхэм унафэ ящIащ япхъу гъэфIэныр абы иратыну.

Нэчыхь хурагъэтхыу хьэгъуэлIыгъуэ дахи иращIэкIа иужь унагъуэщIэр Кавказым къэкIуэж гъуэгум къытрагъэувэжащ.

* * *

Илъэсихым къриубыдэу Жаннетрэ Матвейрэ быниплI зэдагъуэтащ (къуитIрэ пхъуитIрэ). Жаннет зэи щыгъупщакъым адэанэ пэлъытэу иIа, зыпIа, гъэсэныгъэ дахэ къезыта цIыхуфIхэр - Ипполит Петровичрэ Наталье Сергеевнэрэ. Ахэр щIэх-щIэхыурэ зэрощIэ, зэкIэлъокIуэ, я пхъурылъхухэр къохъу, кIуэурэ ялъагъу. Ипполитрэ Натальерэ жьыщхьэ махуэ хъуауэ забжыж.

***Дружинин Александр и «Мадемуазель Жаннет»***
***хъыбарым щыщ пычыгъуэщ.***
***АдыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар***
***Шыгъушэ Алийщ.***
*Сурэтыр **Пащты Герман** ейщ.*

**Жылагъуэ**

# НэгъуэщIынэкIэ срегъэплъ

**ЛIэщIыгъуэ псокIэ екIуэкIа Кавказ зауэжьым кърикIуа лъапсэрыхым зэи зыкIи пхуэмыгъэнщIыжыну жыхуаIэм хуэдэу игъэмэщIат ди лъэпкъыр - цIыхуипщIым щыщу бгъур а зауэм ихьащ, КIахэм щыпсэу адыгэ лъэпкъ зыбжанэ дэкIуэдыпащ.**

А ЛЪЭХЪЭНЭМ адыгэм ишэчамрэ и нэгу щIэкIамрэ теухуауэ зы хъыбар уеджэфыркъым, уи гур дэмыузу. Абыхэм ятеухуауэ щIэныгъэлIхэм щэ бжыгъэкIэрэ тхылъ зэхуэмыдэхэр ятхыжащи, нэхъыбэ дэ тхужыIэнкъым, алъандэрэ къамытIэщIаи къытхуэулъэпхъэщынкъым, ди тхакIуэшхуэхэм зауэ дыджыжьым тратхыкIа теплъэгъуэхэм нэхъ гуузи къытхуэгъэщIыжынкъым. Арами, зы телъыджэ гуэрым гу лъывэзгъэтэну си гуапэт.

Кавказ къуршым и ищхъэрэ нэпкъыр гущэпкъ зыхуэхъуа пасэрей хьэт лъэпкъыжьым нобэрей адыгэр дыкъызэрытехъукIар, къэралыгъуэ, политикэ, цивилизацэ щхьэхуэ дызэриIар къэплъытэмэ, илъэс мини 6-м щIегъу дунейпсо тхыдэм дыкъызэрицIыхурэ. Лъэхъэнэ жыжьэм къыщыщIидзэж ди тхыдэ кIыхьым кърибыдэу лъэпкъым зауэ гуащIэу илъэгъуар къыпхуэмыбжыну куэдщ. Ар псалъэ джафэ мыхъуу, япэ тхыбзэу цIыхум зэрихьа гъущIынэтхыр щыхьэт зытехъуэ пэжщ. Мыр зыщIыпIи пхуэмыхьыжын, пхуэмыгъэпщкIун, узэмыхъурджэуэфын Iуэхугъуэщ.

Мысыр, Ащыр, Бабылей, Чынт, Алыдж къэралыгъуэ лъэщыжьхэр хьэрхуэрэгъуу къыпэщIэтащ адыгэм. Абыхэм ящIэрт хьэтхэм къарукIи, бзаджагъэкIи, акъылкIи уазэрытемыкIуэнур. Арами, зыдамыгъэужьын папщIэ ялъэкI къамыгъанэу къытпэщIэтащ. Илъэс мини 6-м къриубыдэу зы лIэщIыгъуэ закъуи адыгэр зауэ-банэ имылъагъуу псэуауэ пхужыIэнукъым. Ди адэжьхэр зауэм къыIумыкIыурэ къащIэува я быныр якIэлъышэсырт.

ГъэщIэгъуэныракъэ, и бзэм зимыхъуэжауэ, и хабзэр IэщIыб имыщIауэ, и хэкур ирамыгъэбгынауэ, къызэригъэщIам хуэдэу нобэм зы лъэпкъ къэсамэ - ар адыгэрщ! Уздегупсысым уи щIыфэр дотхытх абы. Мис апхуэдэхэм дежщ укъызыхэкIа лъэпкъым и лъэщагъыр, инагъыр, хахуагъэр щызыхэпщIэр. Си щхьэкIэ, абы сримыпэгэн, ар сымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым.

Иужь дыдэу лъэпкъым и нэгу щIэкIа гузэвэгъуэшхуэхэм ящыщщ Кавказ зауэжьыр. Нобэр къыздэсым абы къыдиха дыркъуэм дегъэдзыхэ, ди гур зэхуешэ, ди нэпсыр кърегъакIуэ. Ауэ си лъэпкъэгъухэм ягу къэзгъэкIыжыну сыхуейт илъэси 101-кIэ зызыIыгъа лъэпкъым лъы уардэ зэрыщIэтыр, ди япэ ита пасэрей пщыжьхэр зыщIэбэна хуитыныгъэр псэхэкIуадэ зэрымыхъуар, дунейм дытепхъами, зы лъэпкъыу дыкъызэрынар. ЩIы хъурейм зы гъунапкъи иIэу къыщIэкIынкъым адыгэ щымыпсэууэ. ДыкъызытехъукIыжа хьэт лъэпкъым Кавказри, Анадолэри, Мысырри, ТIуащIэри къызэщIиубыдэу къэралыгъуэ иIар пэжмэ, «хамэщI щыпсэу» лъэпкъэгъу диIэкъым... АтIэ, ди пасэрей хэкужьым и щIыпIэхэм адыгэбзэр щыIужауэ аращ. А гупсысэм нэгъуэщIынэкIэ срегъэплъ лъэпкъым натIэ хуэхъуам.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Лъэхъэнэ хьэлъэм пхрыкIыфахэр

**Сыт хуэдэ лъэпкъми иIащ зэман гугъухэр, шынагъуэхэр. Ауэ абыхэм пхрыкIыфам дунейм увыпIэ щхьэхуэ щигъуэтащ. Ди лъэпкъым ихъумащ и Адыгэ Хабзэр, Адыгэбзэр, Адыгагъэр икIи дэтхэнэ ди япэ ита нэхъыжь зым дежкIи лъапIэщ ахэр. Адыгэр тенджыз ФIыцIэм щызэпрашым и гугъакъым абы и лъахэ илъагъужыну. АрщхьэкIэ лъэпкъ уардэм и щIэблэр абыи къызэпрыкIыжыфащ, и Хэкум и фэеплъу ихъума хъугъуэфIыгъуэхэри (адыгэ хьэпшыпхэр) къызэпришыжыфащ. Апхуэдэхэм ящыщщ республикэм къэзыгъэзэжауэ илъэс куэд щIауэ щыпсэу, «Адыгэ унэ» тыкуэныр зыгъэлажьэ IутIыж Мэжид.**





НЭХЪЫЖЬЫМ зэхуихьэсыжа, ихъума дэтхэнэ хьэпшыпми адыгэ унагъуэр зэрыпсэууэ щытар уи нэгу щIагъэкIыфынущ. Псалъэм папщIэ, зэрыдэу щыта машинэм зы цIыхубз IэпщIэлъапщIэу къыщIэкIынкъым зэгуэр бгъэдэсар. Гъуаплъэм къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр, цIыхухъум зэрихьэу щыта цейр, джанэр, щхьэрыпхъуэныр, бащлъыкъыр - псоми зэманыжьым ижь къащIихуащ, лIэщIыгъуэ куэдым къыпхрыкIащ. Адыгэр зыхуэIэзэу щытахэм, дауи, ящыщщ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр щIынри. Мэжид иIэщ шыкIэпшынэ лIэужьыгъуэхэри Iэпэ пщыкIух зиIэ адыгэ пшынэри. Апхуэдэуи куэд и уасэщ къамэ зэхуэмыдэхэр зэрызэхуихьэсыфар.

Нэхъапэм дэтхэнэ адыгэми и пщIантIэм удыхьамэ, зы лъэныкъуэмкIэ шы уанэр щызэщIэлъу урихьэлIэу щытащ. Унагъуэ къэс къагъэсэбэпырт цыкIуэкIыр, Iэнэ лъакъуищыр, фэтыджэн уэздыгъэр, арджэнхэр, шыкIэпшынэхэр - ди тхыдэм уриплъэжын щхьэкIэ абыхэм нэхъыбэ ухуейкъым. IутIыжым апхуэдэ и гъэтIылъыгъэхэр Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу щигъэлъэгъуауэ щытащ модельер Сэралъп Мадинэ Налшык къалэм щиIэ Арт-центрым.

IутIыжым зэхуихьэса хьэпшыпхэр щыхьэт тохъуэ Тыркум, Сирием, Иорданием адыгэхэр зэрыщыпсэуа щIыкIэм, абыхэм я хабзэр зэрахъумам, лъэпкъым и тхыдэр я гупсысэкIэ, IуэхукIэ нобэм къызэрахьэсам. IутIыж Мэжид езыр ящыщщ хэхэс гъащIэм и бэлыхьыр зышэчахэм, атIэми Хэкум ар къыхуэкIуэжащ и бзэр, и щэнхабзэр ихъумауэ.

- Ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъ пагэу, пщIэ къыхуащIу къэгъуэгурыкIуа ди нэхъыжьхэм я цIэкIэ тхузэфIэкI Iуэхуф1 длэжьын хуейуэ ди язынхэзми и къалэну къызолъытэ, - жеIэ IутIыж Мэжид. - Тхыдэр тхауэ щыIэщ, абы уеджэфынущ. АрщхьэкIэ пасэ зэманым лъэпкъым къыдекIуэкIа хьэпшыпхэр щыплъагъукIэщ, ущеIусэкIэщ псэм нэхъыбэ щызыхищIэр. Сэ си лъэпкъыр згъуэтыжащ, си къуэпсхэр къыщежьэ Хэкум сыкъиихьэжри. Хьэпшып зэхуэсхьэсахэм я гугъу пщIымэ, псалъэм папщIэ, зы уанэм илъэсиплIкIэ Тыркум сыщыкIэлъыкIуа къэхъуащ. Гугъуехьыр пщхьэщокIуэтыж уи псэм щыщ Iыхьэ къыпIэрыхьэжа иужькIэ. Ди лъэпкъым ехьэлIа хьэпшыпхэр Тыркум щызэхуэсхьэсыжын къыщIэздзэри, Хэкум сыкъэкIуэжа иужькIи а лэжьыгъэм си гум фIэфIу пысщащ. Ди адэжьхэм нэхъ пэгъунэгъу дызыщI хьэпшыпхэр тхъумэным мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ. Хьэпшыпхэм зы бгырыпх яхэлъщ, адрейхэм хуэмыдэу згъэлъапIэу. ЩIэинхэр зэхуэхьэсыжыныр сэ абыкIэщ зэрыщIэздзар. Хьэпшыпыжьхэр щащэхуж зэмант, арщхьэкIэ ар зи дахагъэр сэ унагъуэм схущIегъэхатэкъым. СыщIалэ дыдэу абы и уасэр къызэрызгурыIуам нобэ сыщогуфIыкIыж. Пэжыр жыпIэмэ, а бгырыпхыр къызыхуэзгъэнэн щхьэкIэ щIыхуэ къыстехуар илъэситIкIэ спшыныжыфауэ арат. ИтIанэщ си анэм ар и пащхьэ щислъхьар... Шапсыгъым сыщыщыпсэуам си гъэтIылъыгъэхэм ящыщу музейм еста зы бгъэIулъхьэмрэ бгырыпхымрэ илъэсипщIкIэ абы щIэлъащ. Зэгуэр ахэр тыгъэ яхуэсщIа пэтми, Къэбэрдеймк1э сыкъыщыIэпхъуэжым а хьэпшыпхэр музейм и тхьэмадэм къызимытыжу идатэкъым. Дэтхэнэ зы хьэпшып къэзыугъуеижами езым и хъыбар щэху иIэжщ.

Адыгэм и щыгъуэ махуэщ накъыгъэм и 21-р. Ар тхыдэм и пэжщи, абы зыри пхуещIэнукъым. Ауэ, сэ жысIэну сызыхуейращи, нобэ дызэрыпсэум нэхъыкIэ лъэпкъыр Тхьэм димыщI. Сэ сропагэ, срогушхуэ си лъэпкъ лъэщым, мыпхуэдэ дахагъэ куэд зиIэр щэнхабзэкIэ дуней псом зэи икIэ щыхъунукъым. ДызэгурыIуэу, ди тхыдэр, хабзэр, бзэр ди щIэблэм яхэтлъхьэжу, щIэныгъэкIэ гъащIэм дыпхрыкIыну - аращ сызыхуейр. НэгъуэщI хэкIыпIэ адыгэм диIэкъым...

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил жеIэ: «Зи Хэку зыгъуэтыжыну хуейм Мэжид щапхъэ трихыпхъэщ. Псэуну хуейр зыми емылъытауэ мэпсэуф. Сыт хуэдэ псэ къабзэ уиIэн хуейт, хамэщI къыщыхъуа щIалэ цIыкIум и адэжь лъахэм епха хьэпшыпхэр зэхуихьэсыжыныр игу къэкIын, а Iуэху мытыншыр хузэфIэкIын щхьэкIэ?! ЩIалэгъуалэм гу лъезгъэтэну сыхуейт адыгэм зэрихьэу щыта хьэпшыпхэм нэхъыбэу дыжьын кIэралъхьэу, дыщэ ирамыгъэIусэу зэрыщытам. Апхуэдэщ бгырыпххэри, къамэхэри, щIопщыкIхэри... Мэжид дуней псом лъэпкъыу тетым щапхъэ ярегъэлъагъу. «УифI умыгъэпуд, уи Iей умыгъэпщкIу», - жиIащ пасэрейм. IутIыж Мэжид ящыщщ гъэлъэпIэн хуейхэм».

Зи хабзэр зыхрамыгъэныфа, сыт хуэдэ гугъуехьми кIуэцIрыкIыу зи бзэр зыхъумэжа, зи щэнхабзэ къулейр къызыдэгъуэгурыкIуэ лъэпкъщ адыгэр. Ар наIуэ пщащI Мэжид хуэдэ цIыхухэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтхэр*

**Къарей Элинэ трихащ.**

# Адыгэ бзылъхугъэщ фэрэкIым япэу текIуар

«Сыт хуэдиз фIыщIэ хуэтщIын хуей дэ япэу фэрэкI зыхэзылъхьэну тегушхуауэ щыта адыгэ бзылъхугъэм! Сыт хуэдиз сабий ажалым и Iэ щIыIэм къыIэщIиха абы и Iэмалым! Дуней псом абы хуищIа Iуэхутхьэбзэм хуэфэщэн зы ордени щыIэкъым!» Франджы усакIуэ, тхакIуэ, гупсысакIуэ Гельвеций Клод итхауэ щыта мы псалъэхэр тетщ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ Хьэбэз къуажэм дэт зы фэеплъым. Ар дуней псом япэ дыдэу фэрэкI узым щытекIуауэ щыта адыгэ бзылъхугъэм ейщ!

ФэрэкI узым япэ дыдэу адыгэхэм Iэмал къызэрыхуагъуэтам и хъыбарыр иIуэтэжащ Мотре де ла Абри. Франджыр швед пащтыхь Карл XII и тIасхъэщIэхыу щытащ. 1711 гъэм ар Кавказым къэкIуащ. «Адыгэхэм егъэлеяуэ теплъэ дахэ зэраIэр слъагъурт, бгылъэ щIыпIэхэм нэхъри сикIуэтэху. ГъэщIэгъуэн сщыхъуащ фэрэкIым лъэужь къызытрина абыхэм зэрахэмытыр. ИтIанэ сыщIэупщIащ, а узыфэ зэрыцIалэм Iэмал гуэр къыхуамыгъэсэбэпу пIэрэ жысIэри... Сызыпамыгъаплъэуи, я щэхумкIэ къыздэгуэшахэщ. Узым щахъумэнур узым кърагъэцIалэрт, фэрэкIым къищI шыныр ар къызыпкърымыхьам и лъым хагъэлъадэрт, мастэ хаIуурэ.

Мыгувэу Iэмал сихуащ адыгэхэм фэрэкIыр зэрызыхалъхьэм къуажэ гуэрым си нэкIэ сыщыкIэлъыплъыну. ДыгъуэгурыкIуэу, сэ зэхэсхащ дызыблэкI зы къуажэм деж илъэси 4 - 5 зи ныбжь хъыджэбз цIыкIур фэрэкI узым къызэрырагъэцIэлэнур. ЯпэщIыкIэ ар ирагъэфащ зэхэгъэва гуэр. ФохьэкIуэ (медуница) гъэгъуар и лъабжьэр и гъусэу ягъавэрт, фо хэлъу. Хъыджэбз цIыкIур бгъэдахьащ илъэсищ зи ныбжь, фэрэкI къызэуалIэу, зи щIыфэр шын къыщIу щIидза щIалэ цIыкIум. Зы фызыжь гуэрым мастищ зэкIэрыщIауэ къищтэри, япэу сабийм и дзажэналъэ зэхуакум, етIуанэу и бгъэ сэмэгум, ещанэу и бынжэм, еплIанэу и Iэгу ижьым, етхуанэуи и лъэгу сэмэгум хиIуащ. Лъы къижын щIидза нэужь, сымаджэм и фэрэкIым къыхиха шыным ар кърагъэцIэлащ. ИужькIэ, уIэгъэхэм андзышым (коровяк) и тхьэмпэ гъущэхэр трилъхьащ, щынэ къалъхуагъащIэм и фэ цIыкIуитI и щхьэм трипхэри. Псори зэфIэкIа нэужь, ар и анэм шхыIэн хуабэм кIуэцIишыхьащ. Хъыджэбз цIыкIур хуабэу яIыгъын хуейт, бжэнышэрэ псыкIэ гъэва губгъуэпхъ (тмин) хьэнтхъупс ирагъафэу, фохьэкIуэм (медуница), лъабжьэIэфIым (солодка), андзышым (коровяк) къыщIэгъэвыкIа псы ирагъафэу».



Зи цIыкIухэм я дахагъэмрэ узыншагъэмрэ тегузэвыхь адыгэхэм я бынхэр фэрэкIым кърагъэцIалэрт нэгъуэщI щIыкIэуи: узым шын къимыщI щIыкIэ, сымаджэ хъуам бгъэдагъэгъуалъхьэрт сабий узыншэр. Абы щыгъуэми фохьэкIуэм лъабжьэIэфIым, андзышым къыщIэгъэвыкIа псы щIыIэм куэду ирагъафэрт.

ФэрэкI зыпкърыта сабийр хъужа нэужь, унагъуэм хьэлIамэ ягъавэрти, гъунэгъухэм хурахьэкIырт. Абы къикIырт ягъэ емыкIыу я сабийм узыр зэрыпкърыкIар, узыншэ зэрыхъужар.

ФэрэкI узым зэрыпэщIэт Iэмалыр адыгэхэм къагупсыса нэужь, зэман кIыхь дэкIыжащ дунейм нэгъуэщI зы щIыпIи абы Iэмал щыхуамыгъуэту. XX лIэщIыгъуэрщ абы щытекIуар.

Мотре де ла Абри адыгэ бзылъхугъэр фэрэкIым зэрыпэщIэува Iэмалым теухуауэ итхыжахэр иджа нэужь, инджылыз дохутыр Дженнер Эдвард адыгэхэм я IэзэкIэм къытрищIыкIри, щIэрыщIэу къигупсысащ фэрэкIым зэрыпэщIэт Iэмал. Дженнер и Iэмалыр къыщыунэхуар 1796 гъэрщ. Апхуэдэу, адыгэ бзылъхугъэм и губзыгъагъымрэ и зэфIэкIымрэ дунейр уз зэрыцIалэм къригъэлащ.

Дыгъэгъазэм и 9-р фэрэкI узыр IэщIыб щащIа махуэу 1979 гъэм къалъытащ. 20-нэ лIэщIыгъуэ къудейм къриубыдэу цIыхупсэ мелуан 300 Iузыха узыфэ бзаджэм текIуащ дунейр, узым къицIэлэну зыхуагъэфащэхэр езыр-езыру кърагъэцIалэурэ (кольцевая вакцина).

Хэхэс адыгэхэм я IуэрыIуатэм къыхахыжауэ щыIэщ фэрэкI узыфэм и гъыбзэ. Ар фэрэкIыр къызэуэлIа пщыкъуэр зезыхьэжа бзылъхугъэм иусауэ щытащ. Гъыбзэр жаIэу зэхэпхынущ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащIэ «Джэрпэджэж» гупым.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.683
Заказ №1061